

ÈSKE SE SIY FEN AN SA, MESYE?



Mèsi, anpil, Frè Neville.

Bonswa, zanmi presye m yo. M tèlman kontan pou m retounen ankò, aswè a, nan sèvis Seyè a, Bondye nou an.

² [Frè Neville di: “Sa se sila ki branche a, *isi a.*”—Editè a.] Sa a se yon, *sa a* se li. O, wi. Se byen sa.

³ Mwen kenbe nou tèlman lontan, maten an, jouk mwen santi tankou mwen ta dwe vrèman rapid aswè a. En-hum, en-en, en-en. O la la, se te yon bagay terib pou nou te oblije kanpe, epi sa pa pi bon aswè a. Kifè, sa p ap pran tan jouk nou va gen yon plas pou nou, ou wè, osito legliz la fini. Non, men nou pa gen plan pou nou rete twò lontan aswè a.

⁴ Men, demen swa, nou prevwa rete yon ti moman. Demen swa, si kèk nan nou ka vini, demen swa, enben, nou espere pase yon gran moman nan Seyè a. Pral gen kèk mesye debyen isi a demen swa. Nou tout, nou pral gen yon tan. . .

⁵ [Frè Edgar Branham, di: “O, cheri, tann! Mwen te gen yon demann pou m fè w. M te bliye di w. Men, anpil moun isi a te di ke w toujou prese, pou w kite sèvis la. Men demen swa ou ka gen tout tan ke w te vle a, depi setè rive minwi, si w jis vle pran li. Bon, se sa oditwa a isit la te mande m pou m mande w. Kifè alò eksplike yo sa, si ou pa panse fè sa.”—Editè a.]

⁶ Nou pral sèvi kominyon a minwi, demen swa. Mwen sèten nou pral—nou pral renmen gen. . . patisipe nan sa. Pandan rèz moun yo ap rele epi ap kriye, epi ap tire kout bal, epi ap bwè, e latriye, n ap jis koube ak respè devan Bondye [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] epi pran kominyon an, epi kòmanse ane a avèk angajman nou, kè nou bay Bondye, nan konsekrasyon pou Li.

⁷ E pral gen kèk bon oratè isi a demen swa, se sèten. Gen kèk bon. . . Yon frè ki soti Georgia isi a, Frè Palmer, yon oratè mèveye. Frè Junior Jackson pral isi a demen swa; Frè Beeler, Frè Neville. O la, la! Epi jis ankò epi ankò, òm de Dye debyen ki pral isi a, Frè Willard Collins, ak tout frè sa yo ki t ap ban nou gwo mesaj konsa. E petèt gen lòt ki pral vini, alò nou espere pase yon gran moman demen swa.

⁸ Kounye a, madanm mwen te di: “Piga w di sa,” men mwen dwe di l kanmenm. Mwen regrèt mwen te di *empire* [an kreyòl: *anpi*—N.T.], maten an, olye de *umpire* [an kreyòl: *abit*—N.T.].

Billy, ki chita dèyè a la, di: “Men li ankò.”

9 Mwen di: “Anpi a; li dwe gen yon anpi.” Mwen te vle di, yon abit.

10 Mwen tankou sa yo te di sou Olandè a, nou konnen. “E pa pran m pou sa m di a, men pou sa m vle di a.”

11 Mwen di: “Mwen panse yo konprann mwen, apre tout ane sa yo.” Ou konnen, sa fè apeprè . . .

12 Sa fè trant an mwen dèyè chè sa isi a. Trant an nan tabènak sa a! Nou ta dwe konnen m depi tan sa a, se pa sa? O la la! Enstriksyon mwen limite se sèten. Men mwen—mwen konnen mwen pa ka pale, men mwen fè yon bri verite pou Seyè a.

13 Epi, frè, mwen kwè se te Doktè Lamsa, nan Bib Lamsa a, ki te nan tradiksyon an, ki te di . . .

14 Yon fwa m t ap pale, e m pa t konnen li te la. Epi li te retounen epi l t ap pale de Urim ak Toumim nan, e apre sa li t ap pale de Limyè sa. Epi li te di: “Ki pwoblèm moun sa yo genyen jodi a?” E m di . . . Li di: “Rezon ki fè moun yo, tradiktè yo, pat ka tradui Bib la kòrèkteman, ke tradiktè yo te eseye tradui an Yidich ki wo nivo a. E Jezi, t ap pale, te pale nan klas òdinè an, jis tankou moun nan lari yo te pale.”

15 E, nou konnen, gen yon Ekriti nan Lik, ki di: “Moun òdinè yo te tande L ak kè kontan.” Li te pale nan lang yo. Mwen espere ke se konsa, ankò.

16 Nou kontan pou Seyè a. Kounye a, mwen konnen, mwen wè medam sa yo ki kanpe toupatou. Li deja pa bon pou w wè gason ki kanpe, alewè pou tifi ak ti gason sa yo, ak dam yo, e latriye, ki kanpe bò miray yo, ak timoun piti. Men, nou jis pa gen ase plas pou chita. Alò, nou priye ke, ke pwochen fwa nou gen reyinyon yo, apre semèn sa, apre fwa sa a . . .

17 Nou konnen, pwochen bagay ki pou vini a, dapre sa nou konnen, se Sèt So sa yo. Epi, si Seyè a vle, n ap kòmanse sou yo jis imedyatman osito ke legliz la fini, bati, pou nou ka rankontre anndan isi a. N ap vini pou yon nouvo konsekrasyon. Epi petèt youn, de, oswa menm twa semèn reyinyon youn apre lòt ap vini, pou—Sèt So yo. Kifè, n ap tann pou n gen yon gran moman nan Seyè a, pandan tan sa. E nou pral . . . Nou tout moun ki sot deyò vil la, nou pral poste voye ba nou kat yo ak tout bagay, epi fè nou konnen jis egzaktman lè a, petèt yon semèn, oswa de, davans.

18 Kontraktè a, jan m te konprann Billy te di aswè a, ta va fini nan dat 10 fevriye a. Ebyen, si l fini nan dis, nou va kòmanse apeprè nan kenz, alò. Alò, jis osito ke yo fini, nou va kòmanse drèt sou sa.

19 Vye Sè Kidd te rele m, sa fè yon moman de sa, e li te prèske gen dlo nan je. Li di: “Frè Branham, nou te sitèlman eseye fè demare vye machin sa a, e li pat vle demare. Alò,” li di, “priye pou l ka demare, epi m ap vini demen.” Epi li di: “M mande m si m te ka jwenn yon kote pou m rete?”

20 Mwen di: “Pa enkyete w, nou pral gen yon chanm pou ou, Sè Kidd, osito ke w gen . . .”

21 Ou di: “Benediksyon pou ou.” Li te di: “Ou konnen, si w pral gen sèvis jouk minwi,” li di: “M pa vle soti a minwi.”

22 Nou konnen, limenm ak Frè Kidd gen anviwon katrevensenk an, chak, e yo toujou nan ministè a. Nou konn kisa yo fè? Yo jwenn yon aparèy kasèt pou anrejistre, epi yo pran Mesaj mwen yo epi yo ale lopital an lopital, de kay an kay, ap jwe bann yo. Bon, si se pa sa, pa abandone! Sa se pa pran retrèt. Sa se kenbe Lafwa a, jiska lafen, ap mouri ak yon Epe nan men an. Se fason sa a pou ale. Se fason sa mwen vle fè. En-en.

23 Epi, epi li di: “Ou konnen, si m ta soti, sou gran wout la, a minwi,” li di, “e apre minwi nan mitan nwit lan, ap eseye rantrè lakay mwen, ak tout demon sou sa yo,” li di, “k ap kondwi,” li di, “k ap kouri nan tout direksyon, apre yo te fin bwè.” Li di: “Demon sa yo k ap kouri toupatou,” li di, “mwen t ap pè amò.”

24 Frè Pat, se sèten manzè se yon vye ti granmoun. Konbyen moun ki konnen Sè Kidd? Li vin isit la, antan ke, jis yon moun ki reflete lasentete.

25 Epi, lè, jis panse, plizyè lane anvan m te fèt (e mwen se yon vye granmoun), li te anwo la nan mòn sa yo, limenm ak Frè Kidd. Li te konn lave, tout lajounen, sou planch pou lave a, pou l jwenn kenz oswa ven kòb pou yon lesiv, pou voye l yon kote, jou swa sa, pou preche. Nan min chabon sa yo laba a nan Kentucky, kote ou . . . yon moun te dwe pwoteje w ak yon fizi, pandan w ap monte ti mòn lan, pou al kote w ta pral preche a. O la la! Alò, mwen panse:

Èske yo dwe pote m lakay nan Syèl la
 Sou yon kabann flè fasil,
 Pandan ke lòt yo t ap goumen pou genyen pri
 a,
 Epi te navige atravè lanmè san?
 Mwen dwe goumen si mwen dwe reye,
 Ogmante kouraj mwen, Seyè.

26 Sa se, e mwen vle sipò Li, pa Pawòl Li. Se sa m vle aswè a. Bon, mwen sipoze aparèy anrejistre kasèt yo ap fonksyone kounye a.

27 [Yon frè di: “Pa bliye konsekrasyon bebe a.”—Editè a.] O, wi. Mwen gen . . . Ekskize m.

28 Yon ti sè te gen yon ti bebe isi a, maten an, li te vle konsakre. E m te di l nou t ap fè l sèten aswè a, e kounye a. Epi, demen swa, nou va gen konsekrasyon ti bebe yo, sèvis gerizon, tout bagay ki posib ke nou ka fè. Nou gen anpil tan. Kifè, si ti sè a isi a, e li gen ti pitit li a.

29 E mwen sipoze gen kèk moun ki soti byen lwen, epi ki te isit la maten an pou yon entèvyou prive, epi pou yon bagay konsa. E

yo te sipoze rankontre la maten an, e Billy te dwe fè yo tann jouk aswè a. E li pat ka jwenn yo okenn kote, ou wè, aswè a. Si w isi a, sè, m te dèyè la a on bon ti tan, ap tann, epi ap gade si l te ka jwenn dam lan. Se te de nan yo, mwen panse, ki te nan entèvyou prive soti byen lwen andeyò peyi a. Kifè, nou—nou gen konfyans, si m rate w, m ap kapab jwenn ou osito li posib ke m ka fè l, petèt demen swa, pandan nou rive la.

³⁰ Kounye a, mwen kwè, èske se dam lan sa a, k ap vini, ak ti bebe ak salopèt ble a—a?

³¹ “Salopèt”? Meda, mwen—mwen—mwen pat vle di sa, cheri, kèlkeswa sa l ye a. Li sanble ak yon ti rad pou kèk . . . Salopèt, konbyen moun ki konnen kisa yon—yon salopèt ye? Enben, sèten. Yon vye jakèt salopèt, pou mwen. Kidonk—kidonk . . .

³² Enben, se ti bebe Dallas la. O la la, se byen. Frè, èske w ta vle avanse isit la. Ekskize m.

³³ Ebyen, ebyen, mwen on jan renmen ti riban sa la, ke w mete a. Kijan li rele? [Papa a di: “Rebekah Lynn.”—Editè a.] Rebekah Lynn, L-y-n-n. E ki—ki siyati w kounye a? Stayton. Rebekah Lynn Stayton. Èske se sa? Èske m ka genyen l? [“Sètènman.”] Mwen konnen sa on jan difisil, pou bay youn konsa. Èske sa pa bèl anpil? Rebekah Lynn Stayton.

³⁴ Fanmi sa te pase anpil bagay. Ti, jenn dam sa isi a, ak mari l, jis dènyèman toude te sove epi mennen nan konesans Seyè a. E kounye a, nan inyon yo, Bondye te bay bèl ti Rebeka sa, e y ap mennen l bay Seyè a.

³⁵ Bon, anpil moun rele sa batèm enfini yo. . . batèm tibebe ki fèk fèt yo, nan legliz Metodis la ak nan anpil lòt, epi yo wouze yo ak dlo lè yo se bebe. Kounye a, se kòrèk, jouk otan m konsène. Men nou toujou eseye rete jis ak sa Bib la di fè. E nan Bib la, (pa) pa janm te gen yon bagay tankou batize yon tibebe fèk fèt; okenn kote desann nan listwa, jouk legliz Katolik primitif la, dapre sa nou konnen, ki te lwen menm jan ak Konsil Nise a.

³⁶ [Bebe a kriye—Editè a.] Kifè se jis fason pou di: “Amèn.” Sa, ou wè, ou gen . . . Ou wè, ou dwe gen entèpretasyon an.

³⁷ Kifè, men, nan Bib la, yo te mennen timoun piti bay Jezi, pou L te ka beni yo. E Li te mete men L sou yo epi Li te beni yo. E, sa, nou toujou kontinye fè sa.

Kounye a annou bese tèt nou.

³⁸ Papa nou ki nan Syèl la, jenn fanm ak jenn gason sa vini aswè a ak bèl ti Rebeka sa a ke yo te ba yo, sou responsabilite yo, pou yo ka elve l nan enstwi l jan Bondye vle. E yo mennen l aswè a pou prezante l bay Seyè a. Epi menm jan manman an te mete ti Rebeka sa nan bra mwen, se konsa mwen mete l nan bra ou tou. Bondye, se pou W avè l epi beni l. Beni papa l ak manman l. Ke yo tout viv lavi fidèl, long, e, si l posib, wè Vini Seyè Jezi a. Ke timoun sa grandi nan konesans Seyè a. E ke, si gen yon demen,

ke li kapab yon gwo temwen pou Ou. Akòde l, Seyè. Kounye a, si Ou te isit la sou tè a, fanm ak gason sa yo t ap mennen pitit yo ba Ou. Men nou menm, minis Levanjil yo, nou se reprezantan W. Kifè, nou ba Ou bebe sa, pou yon vi sèvis nan Wayòm Ou, nan Non Pitit Ou a, Seyè Jezikri. Amèn.

³⁹ Ke Bondye beni w, ti Rebeka! Ala yon bèl tifi! Ke Bondye beni nou toulède, ak bebe a, ba nou yon lavi long, ak kè kontan, nan sèvis Bondye.

⁴⁰ M pa konnen si m byen djanm ase, ou pa. Sa se tout on gason. Kijan li rele? [Manman an di: “Stanley Victor Cleveland.”—Editè a.] Stanley. . . [“Stanley.”] Stanley Victor. . . [“Cleveland.”] Clayland? Clay-. . . [“Cleveland.”] Cleveland. Ti Stanley, ala yon bèl ti non, e ala yon bèl ti gason! Ebyen, mwenpanse, apeprè. . . Ann gade isit la, Stan. Sa se yon bon gason? O, nou konnen. Nou pa pratike sa. Nou jis fè sa, nou konnen, pa gen anyen fòmèl nan sa. Se vre. Se sèten li se yon ti kanmarad agreyab. M te bliye siyati a. M pa kwè m ap pwononse l kòrèkteman. [“Cleveland.”] Cleveland. Trè byen.

Annou koube tèt nou kounye a.

⁴¹ Papa ki nan Syèl la, koup sa mennen bebe sa a, ti Stanley Cleveland, pou yo konsakre l bay Seyè Jezi. E kòm pastè legliz la, isi a, avè m, kanpe ansanm nan inite nan zèv Seyè a, nou ba Ou pitit sa pou yon vi sèvis. Ou te bay li bay manman an ak papa a; e kounye a yo remèt mwen li, nan bra m; epi avèk bra mwen, mwen mete l tounen nan bra Ou yo. O Bondye, beni papa l ak manman l. Beni ti gason an, epi se pou yo tout viv lontan ak kè kontan, konsakre nan sèvis Ou. Se pou timoun nan elve epi enstwi selon Bondye, pou l sèvi L, pou l gen krentif pou Li, epi pou l renmen L, tout jou nan lavi l. Bon, yo te mennen timoun ba Ou, pou Ou te ka beni yo; e nou, ak men nou sou timoun lan, beni l nan Non Seyè a. E se pou l viv yon lavi ki long e ki gen kè kontan, pou l fò e an sante, nan sèvis Ou. Nan non Jezi. Amèn.

Bondye beni w, ti Stanley. Nou gen yon bon ti gason la a.

⁴² Kounye a mwen pral mande timoun piti yo ak adolesan yo yon ti favè. E mwen konnen li difisil. Nou pa ka rete trankil pou twò lontan, paske manm nou yo vin angoudi. Men m ap apwoche yon bagay aswè a ke m pa t janm fè anvan. E gen yon bagay ke m pral pale sou li, ke m pa t janm pansè pale sou yon bagay konsa.

⁴³ Se pou rezon sa a, maten an, mwen pat vle pran moman sa anvan Mesaj la, e m pa t janm rive fin pale de Absoli m lan, e m pa pansè m ap janm fè l. Mwen espere mwen pa janm fini l. Li tèlman mèveye!

⁴⁴ Men, aswè a, m pral pale sou yon bagay ke m pa konnen. E bon, sa se tout on bagay, pou yon minis pou l di ke li pral pale sou yon bagay ke li pa konnen. Men m ap avantire m ladann nan limit konesans mwen, pou. . . ke legliz sa ka konprann. E mwen pa t ap, pa okenn mwayen, kache anyen, ki pwofitab pou nou.

45 Epi, bann sa a, mwen sipoze ke ti mesye yo ap anrejistre la. E si w rive jwenn bann lan, nenpòt moun k ap koute bann lan, sonje, si gen yon bagay ki difisil pou konprann, pou ou, pa di l amwenske li sou bann lan. Pa di yon bagay ki kontrè ak sa k sou bann lan.

46 Tèlman gen anpil moun ki ekri m, sou *Semans Sèpan an*, epi yo di ke mwen te di tèl tèl bagay. M al chache bann lan, mwen jwe l ankò. Mwen pat di l konsa. Ou wè, moun yo mal jije bagay yo.

47 Nou konnen, Jezi, yon fwa apre rezirèksyon Li, t ap mache sou rivaj la, ak apot yo, e Jan te apiye sou lestomak Li. Epi yo di: “Kisa k pral rive nonm sa a?”

Jezi di: “Kisa sa fè w si l ret tann jiskaske M vini?”

48 “Epi men yon pawòl te soti, ke, ‘Jan ta pral viv pou wè Jezi vini.’”

49 E Lekriti a di: “Men, Li pat janm di l konsa.” Ou wè, Li—Li pat janm di sa. Li jis di: “Kisa sa fè w si l ret tann jiskaske M vini?” Li pa t janm di li t ap ret tann. Men, ou wè, mal konprann, li tèlman fasil.

50 Epi, kounye a, se—se pa ke m ap kondane yon moun poutèt li fè sa. Paske, mwen fè l, mwenmenm. E tout moun fè li; si apot yo, ki te mache avèk Seyè nou an, te mal konprann Li. E yo pat janm konprann Li klè.

51 Jis nan fen an, yo te di: “Gade, kounye a nou konprann. Kounye a nou kwè. E nou sèten ke okenn nonm pa gen pou di W anyen, paske Ou konn tout bagay.”

52 Epi Jezi di: “Èske nou kwè kounye a?” Ou wè? “Aprè tout tan sa, èske nou fi- . . . Èske sa te vin rive nou finalman, ou wè, ke nou kwè?”

53 E sa se jis imen. E nou tout se imen, kifè nou pral mal konprann.

54 Men si sa pa klè nèt pou ou, rejwe bann lan. Koute byen apre sa. Mwen sèten Sentespri a ap revele l ba ou.

55 Alò, ti kanmarad yo, si nou vle jis kenbe “amèn” nou yo, timoun yo. Jis tann jis yon ti moman, paske mwen—mwen vle pou yo konprann sa sèten, paske anpil p ap gen bann lan. Kifè, mwen vle pou nou sèten nou konprann li. E ann apwoche l, pou, m ap di trant senk minit, oswa karant, jis ak respè menm jan nou konnen kijan pou n fè l.

56 Paske, sa se yon moman ekstraòdinè pou mwen. Se kote yon bagay te rive, ke m pa konn kisa pou m fè. Ou wè? E mwen twouve m nan sityasyon ki pi difisil mwen te janm ye, nan jou ministè m yo, dapre sa m konnen.

Kifè, ann koube tèt nou kounye a, anvan nou apwoche Pawòl la.

57 Papa ki nan Syèl la, alò, sa fè kèk tan de sa, mwen te preche sou sijè ki rele *Sipoze* a. E *sipoze* se “avantire san otorite.” E petèt, aswè a, Seyè, m pran sou tèt mwen pou m entèprete yon bagay pou moun yo, san m pa gen yon vizyon sou sa. Se poutèt sa, Seyè, tcheke m, kote pwen yo dwe tcheke; fèmèn bouch mwen, Seyè. Ou te fèmèn bouch lyon yo, nan twou a ak Danyèl, pou yo pa t fè l mal. Seyè, mwen priye, ke, si m ta dwe eseye mal entèprete yon bagay, Ou toujou gen pouvwa pou fèmèn yon bouch. Men si se Laverite, alò, Seyè, beni L, epi fè yo tandè L. E Ou konnen kondisyon yo ak sa k pare pou rive. E se poutèt sa mwen vini, menm nan dènye moman sa a menm, sou chè a, pou eseye entèprete bagay sa yo. E mwen priye W pou ede nou.

58 Beni ti legliz sa. Gwoup moun sa yo ki rasanble anba twati sa a, ki rete isit la avèk nou nan vil sa a, soti nan plizyè eta. O, lè lonbraj aswè yo ap tonbe, nou tèlman kontan pou n gen yon kote pou vini. Lè mond lan tèlman nan konfizyon e yo pa konn kote yo kanpe, nou kontan, ke, “Non Seyè a se yon gwo fò won ki pwisan, e moun jis yo kouri antre nan Li e yo an sekirite.” Se pa yon kesyon de anpil pawòl, men yon revelasyon!

59 Kidonk, nou priye, Papa, menm jan Limyè aswè yo vini, lè solèy la kouche. E nou kwè ke se nan tan sa ke n ap viv la, nan kouche solèy la. E nou di W mèsi yon fason ki pi solanèl, Seyè, ak tout kè nou, pou bagay ke Ou fè pou nou yo. Epi, Seyè, atravè laj la, mwen di W mèsi poutèt Ou pèmèt vizyon ke Ou te bay yo, chak grenn nan yo jis pafètman, e chak entèpretasyon sonj te egzakteman fason sa. Kidonk, nou konnen li ta ka sèlman Oumenm, Seyè; paske nou se mòtèl, nou tout fèt nan peche, e pa gen on bagay ki bon nan nou. Men, pou panse ke Ou te ka pran yon bagay konsa, kòm yon imen, epi lave yo ak dlo Pawòl la ak San Kris la; epi lonje men sa yon fason tèlman, jouk moun lan pa itilize pwòp panse pa l, men kite panse Kris, Ki konnen tout bagay, kite L antre epi pale epi itilize yon tabènak. Mèsi, Papa.

60 Kounye a nou beni Sen Non Ou. E nou beni ti gwoup sa, aswè a, nan Non Ou. Nou beni pastè a, Frè Neville, sèvitè vanyan Bondye. Nou beni dyak yo, administratè yo, ak chak manm nan Kò Kris la, alafwa isi a ak toupatou nan mond lan, nan Non Seyè Jezi a.

61 O, kòm nou wè lonbraj fènwa, sal, tèrib sa k ap tonbe sou fas Krisyanis la, nou konnen tan an ap pwoche. Pral gen yon Anlèvman, e Legliz la pral anlve. Senyè, fè nou kontinye avanse, pandan n ap kenbe je nou fikse sou Otè a ak Finisè a, Kris. Fè sa, Senyè. E kòm n ap avanse kounye a, nan Non Seyè Jezi, pou abòde bagay sa yo ki te mete sou kè nou, nou priye ke W va avèk nou epi ede nou. Epi jwenn glwa nan sa, Seyè, paske nou remèt tèt nou ba Ou, ak Pawòl Ou, nan Non Jezikri. Amèn.

62 Kounye a, si nou gen yon kreyon ak papye, m ta renmen pou nou ekri kèk bagay, tankou. . . oswa nenpòt bagay ke nou swete.

Jis pare li. Epi, sou bann lan, tou, si nou ta swete note Lèzekriti yo, nenpòt kilè, paske mwen kwè se Lekriti ki konte.

⁶³ Kounye a nou vle li yon tèks aswè a, oswa li yon pasaj nan Lekriti, nan Liv Revelasyon Jezikri a. E mwen kwè ke sa se Revelasyon Jezikri a, jan sa ekri nan Liv la. E nenpòt lòt revelasyon ki ta kontrè ak Revelasyon sa a, t ap fo. Mwen kwè ke sa ta bon pou l site . . . site—site ankò. Nenpòt revelasyon ki p ap annakò ak Revelasyon sa a, epi ki pa mete Revelasyon sa a an limyè, se yon fo revelasyon. Li dwe selon Lekriti.

⁶⁴ Kounye a, nan chapit 10 Liv Revelasyon Jezikri a, mwen swete li kèk premye vèsè yo, premye sèt vèsè yo, 1 rive nan 7. Epi koute byen kounye a, epi priye pou mwen.

Epi mwen te wè yon lòt zanj pwisan—yon lòt zanj pwisan ki te desann soti nan syèl la, vlope nan yon nyaj: epi yon lakansyèl te sou tèt li, figi l . . . tankou solèy la, epi pye l te tankou poto dife:

E li te gen yon ti liv louvri nan men l: epi li mete pye dwat li sou lanmè a, epi pye gòch li sou tè a,

Epi li te rele ak yon vwa byen fò, tankou yon lyon k ap gwonde: epi lè li fin rele, sèt tonè yo te fè tandè vwa yo.

Epi lè sèt tonè yo te fin fè tandè vwa yo, mwen ta pral ekri sa ki te di a: epi m tandè yon vwa nan syèl la ki di m konsa: Sele bagay sa yo sèt tonè yo te di a, epi pa ekri yo.

Epi zanj mwen te wè kanpe sou lanmè a ak sou tè a leve men l anlè nan syèl la,

Epi li sèmanse sou non Bondye ki vivan pou tout tan an, ki kreye syèl la ak tout sa ki ladan l, tè a ak tou sa ki ladan l, ansanm ak lanmè a, ak tou sa ki . . . ladan l, ke pa ta dwe gen tan ankò:

Men nan jou vwa setyèm zanj lan, Lè l kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ap fini, jan li te fè sèvitè l yo, pwofèt yo, konnen sa.

⁶⁵ E sijè m lan, si m ta dwe rele l konsa, aswè a, se sa: *Èske Se Siy Fen An Sa, Mesye?*

⁶⁶ Nou tout konnen ke n ap viv nan yon—yon tan gloriye pou Legliz la, men yon tan terib pou enkwayan an. E n ap viv nan youn nan tan ki pi danjere, ki te janm egziste, depi mond lan te kòmanse. Okenn pwofèt, okenn apot, jamè, nan okenn tan, pat janm viv nan yon tan tankou n ap viv kounye a. Sa se fen an.

⁶⁷ Sa ekri nan syèl la. Sa ekri sou fas latè a. Sa ekri nan chak journal. Sa se fen an, si nou ka li ekriti a. Pwofèt yo te viv nan epòk lè ekriti a te sou miray la pou yon nasyon, men n ap viv lè ekriti a sou miray la pou tan an. Tout nasyon, tè a, tout bagay,

tan an rive nan fen an. Kifè, nou dwe fouye Lèzekriti, pou jwenn lè ke n ap viv ladann nan.

68 Yon vrè pwofèt Bondye ap toujou refere nan Lèzekriti. Se poutèt sa li sèten ke sa ap konsa. Nan Ansyen Testaman an, lè pwofèt yo te di nenpòt bagay, te toujou gen yon pwofèt, yon kote, ak Pawòl la, ki te rete ak Pawòl la. Li te tann Bondye ba l vizyon. E si vizyon l lan te kontrè ak Pawòl la, alò vizyon l lan te fo. Se fason sa Bondye fè Pawòl Li rive bay pèp Li.

69 Èske nou ka tande m, dèyè nèt la, se kòrèk? Mwen pa vrèman konnen ki kote pou m kòmanse.

70 Bon, se te yon gwo privilèj pou mwen, pou m konnen ke tabènak sa se te premye legliz mwen. Se yon bagay gloriye. E m p ap janm bliye, menm si mwen . . . Jezi tade e mwen t ap viv pou m gen plizyè santèn lane. Mwen sonje jou mwen te poze pyè angilè a, la a nan kwen an; e vizyon Li te ban mwen jou maten sa a, sou tabènak sa. E nou tout sonje. Sa ekri nan liv yo. E sa te akonpli absoliman, alalèt, pa gen yon sèl pati nan li ki manke.

71 E, kounye a, mwen pa kwè ke gen anyen ke Li te pale, pandan tout ane sa yo nan vi m, ke mwen te anonse pèp la, ki pa t rive vre. E anpil moun te vini ak sonj, ke Li te kite m, pa gras Li, entèprete pou moun yo. E anpil te vini ak sonj epi ak pwoblèm ke m pat kapab entèprete.

72 Men, mwen pa t eseye prezante w yon trik ki gen tout repons yo. Mwen te eseye onèt epi di nou kisa ki te Laverite, e mwen te ka sèlman di nou ke sa Li te di m. Epi ofiramezi sa vin jwenn mwen, alò mwen te ka di nou.

73 E mwen vle avèti nou. Nan jou sa a ke n ap viv ladann lan, gen anpil . . . Pa—pa pou di anyen kont moun yo. Men lè w wè yon moun ki gen repons pou tout bagay, sa kontrè ak Pawòl la.

74 Jezi di: “Te gen anpil lepre nan epòk Eli a, men se yon sèl ki te geri.” Pandan plizyè ane Eli te viv la, katreven oswa plis, se yon sèl moun ki te gen lèp ki te geri. Te gen anpil vè nan epòk Elize a, men se sèlman bay youn ladan yo yo te voye l. E nou jwenn ke gen anpil bagay ke Bondye fè, e ke Li pa revele sèvitè L yo. E pa gen okenn sèvitè ki pi gran pase Seyè li.

75 Epi, alò, Bondye p ap pataje glwa Li ak pèsonn. Li se Bondye. E lè yon sèvitè rive nan yon pwèn ke l ap eseye pran plas Bondye, alò Bondye pran lavi l epi fè l ale yon kote, oswa yon bagay. Nou dwe sonje sa.

76 Kounye a, konsènan vizyon ak entèpretasyon sa yo, m pa ka di entèpretasyon yon sonj jiskaske mwen wè egzakteman, pa vizyon, kisa sonj la te ye. E anpil nan nou konnen ke nou te rakonte m sonj nou, e nou pat menm rakonte tout nèt. E lè m te wè sonj lan tounen vin jwenn mwen, m te vire tounen e m te di nou ke gen anpil ladan li ke nou te kite, apre sa mwen di nou kisa nou kite ladan l. Nou konnen se vre. Si se vre, di: “Amèn.” . . . ? . . .

[Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Bagay yo ke nou pat di m yo. Se poutèt sa, nou wè, si lan . . . Tankou Nebikadneza te di: “Si nou pa ka di m kisa m te reve a, alò kijan m pral fè konnen nou gen entèpretasyon an pou li?”

⁷⁷ Men tout enpresyon sa yo, nou pa dwe pran yo epi di: “ENSI DI SEYÈ A.” Nou pa dwe fè sa. Nou dwe gen yon vwa dirèk, yon repons ki soti nan Bondye, anvan nou ka di se Bondye. Pa yon enpresyon, pa yon sansasyon, kèlkeswa jan li bat.

Ou ta ka di: “Mwen kwè li ta ka fason sa a.”

⁷⁸ Men lè ou di: “ENSI DI SEYÈ A,” se pa oumenm. Gade sou lestrad la. Èske nou te janm wè l echwe? ENSI DI SEYÈ A se pafè, li pa janm echwe. E toutotan ke se ENSI DI SEYÈ A, li pa ka fayi.

⁷⁹ Men, jiskaprezan, Li te pwoteje m, paske m te ret tann Li. M pa eseye chache popilarite, oswa glwa vanite lèzòm. M fè tout sa m kapab pou m viv enb, epi viv jan de vi ke m panse yon Kreyen ta dwe viv. E mwen pa t kapab fè sa pa mwen menm, men Li te fè l jouk jodi a. Jan m di a, ke Li se Sila ki te kondwi m lan.

⁸⁰ Anpil bagay te ka di fason sa, men sa t ap pran twòp tan. Men nou tout nou okouran de bagay sa yo. E sèl rezon ki fè m te fè nou di “amèn,” sa fè yon moman, nou menm moun ki te rakonte m sonj nou yo, apre sa mwen te vin di nou kisa nou te bliye, paske Mesaj sa a ap anrejistre sou bann. Lèzòm nan tout nasyon va tandè sa. E lè yo tandè “amèn” sa, alò yo konnen gen vwa la, ki chita anba ministè sa, ki konnen pi byen pase pou fè yon bagay ki mal, oswa pou di “amèn” pou yon bagay ki fo. *Amèn* se “ensiswatil.” Li apwouve li.

⁸¹ Bon, pandan tout vi m, depi m te yon ti gason, te gen yon bagay ki boulvèse m. E m te gen yon vi trè etranj, ki difisil pou konprann. Menm madanm mwen grate tèt li epi l di sa. “Bill, mwen pa kwè gen yon moun ki ka konprann ou.”

⁸² Epi mwen di: “Mwen pa konprann tèt mwen.” Paske, mwen soumèt, mwen remèt tèt mwen bay Kris, sa fè plizyè lane. Se Li k ap kondwi m. Mwen pa eseye konprann sa. Mwen jis ale kote L kondwi mwen, nan limit konesans mwen.

⁸³ Mwen gen rekonesans pou yon madanm ak timoun mèveye, e pou madanm mwen ak pitit mwen yo ki gen konfyans ke mwen pa t ap di yo anyen ki fo. Sa, yo kwè. Chak fwa ou di yo nenpòt bagay, yo kenbe fèm avè l. Yo konnen ke m pa t ap di yo anyen ki fo.

⁸⁴ E èske m t ap di youn nan pitit Bondye yo yon bagay ki fo, alò? Pa ak fèm volonte m. Non, mesye. Bondye vle pitit Li yo resevwa bon jan fòmasyon. Epi pou onèt avè yo, epi di yo laverite, e L ap beni sa, mwen kwè.

⁸⁵ Bon, pandan tout tan an, nan vwayaj la, te gen bagay ki te rive, ke m pa t ka konprann. E youn nan bagay ke m pa t ka

konprann, se te lè m te yon ti gason epi vizyon sa yo te konn vin jwenn mwenn. E m te konn wè yo epi di paran m bagay ki ta pral rive. Yo te panse m te jis sou nè. Men, bagay etranj lan, sa te rive jis fason Li te di sa.

Ou di: “Èske se te anvan konvèsyon w lan?” Wi.

⁸⁶ Bib la di: “Don ak apèl yo san repantans.” Ou fèt nan monn sa pou yon objektif. Epi ou pa . . . Repantans ou pa mennen don; yo predestine pou ou.

⁸⁷ Bon, sou tout wout la, e lè m te yon ti gason, anvi mwenn se te . . . Mwenn pa t satisfè nan rejyon m t ap viv ladann lan. Mwenn te anvi, yon jan kanmenm, pou m ale nan Lwès.

⁸⁸ E yo te opere m, lè yo te tire m lan, lè m te yon ti gason. E lè m te vin soti, anba premye anestezi a, m te panse m te nan touman, m t ap desann. Etè a te fè m ap dòmi. E mwenn te rete enkonsyan pandan uit èdtan, mwenn panse. Yo t ap enkyete yo pou yo konnen kijan pou yo mennen m tounen nan mwennmenm ankò. Yo te fè yon gwo operasyon, san penisilin. San; yon kou fizi te prèske koupe toulede janm yo. Youn nan ti zanmi m yo te tire yon bal ak fizi li.

⁸⁹ E apre sa apeprè sèt mwa pita, m te pran yon lòt anestezi. E lè m te soti anba anestezi sa, m te panse m te kanpe nan prepre lwès yo. Epi te gen yon gwo kwa annò nan syèl la, epi li te reflète glwa Bondye a. Mwenn te kanpe la *konsa*.

⁹⁰ Lè Limyè a, ke nou wè sou foto a aswè a, ke sa te pwouve ke se yon Èt sinatirèl, pa rechèch syantifik; dapre mwenn, Se te menm Limyè ki te frape Sen Pòl la. Se te menm Limyè ki te kondwi timoun Izrayèl yo, lannwit. Èske nou te remake isit la, Zanj sa a? “Li te vlope nan yon Nyaj.” Ou wè, Li te “yon Nyaj lajounen.” Kounye a, menm Limyè sa.

⁹¹ Kanta moun ki pat konprann yo, dabò yo te panse ke se te fo, ke se mwenn ki te jis ap di sa. Men Sentespri a te rive kache enstriman syantifik yo, e te gen moun ki te la, pou sèvi konfimasyon, epi yo te pran foto Sa, plizyè fwa.

⁹² Mwenn di: “Mwenn wè yon moun ki kouvri ak lonbraj lanmò,” yon lonbraj nwa te kouvri yo. Sa fè kèk semèn lè m te nan yon vil. E lè n ap preche, ou—ou pa sipoze pran foto, ou konnen, pandan predikasyon an. Epi lè . . . Se te menm bagay la lè yo te pran sa; men yon moun te gen yon kamera. Epi m te di yon dam ki te chita la a, yon etranje . . . Mwenn te nan—nan Southern Pines. Mwenn di: “Gen yon lonbraj sou Madmwazèl *Entèl*.” Yon dam ke m pat janm wè nan vi m. “Ou fèk soti kay doktè a; e ou gen de kansè, youn sou chak tete, epi yo abandone ou. Ou kouvri ak yon kapichon nwa, nan pwenn lanmò.”

⁹³ Epi Yon Bagay te di yon sè ki te chita la, ki te gen yon kamera ak flach, Li di: “Pran foto a.” E li pat vle fè l. Poutan: “Pran foto a,” e li te toujou evite fè l. Epi sa te vini ankò, epi li te sezi foto

a . . . e li te pran foto a. E men l la a, syantifikman. Li sou panno afichaj la; yon lonbraj nwa nan fòm yon kapichon.

⁹⁴ Apre sa, lè madanm lan te kwè epi lapriyè te fèt, yon foto te pran tou dwat deyè l, sa te disparèt. Mwen di: “Lonbraj la disparèt.” Ou wè? Dam lan ap viv, pa gras Bondye.

⁹⁵ Èske nou wè sa m vle di? Si w ap di laverite, yo ka ri w pandan yon ti tan, yo ka mal konprann ou pandan yon ti tan. Men, Bondye va konfime sa, ke se laverite, si w va jis rete avè l. Ou wè? Jis kenbe fèm. Sa ka pran plizyè lane, men, tankou nan ka Abraham ak lòt yo, men L ap toujou konfime ke se laverite.

⁹⁶ Lè Zanj sa la . . . E mwen sipoze, apa de madanm mwen, gen moun isi a aswè a, depi trant an de sa, ki te kanpe toupre lè Sa te desann. Èske gen yon moun nan oditwa a kounye a ki te la lè Zanj Seyè a, ki te desann sou rivyè a premye fwa, devan moun yo? Leve men nou. Wi, men yo. Ou wè? Bon, mwen wè Madam Wilson leve men l. Li te kanpe la. Madanm mwen, la, li te laba a. E m pa konnen kilès nan rès lòt yo, ki te kanpe sou rivaj la isi a, devan anpil, anpil moun, lè mwen t ap batize a de zè nan apremidi.

⁹⁷ Epi drèt soti nan yon syèl an eren, kote pat gen lapli depi plizyè semèn, men Li vini ak yon gwonde, epi te di: “Menm jan yo te voye Jan Batis, pou anonse davans premye Vini Kris la, yo voye w ak yon Mesaj, pou anonse davans dezyèm Vini Kris la.”

⁹⁸ Te gen anpil mesye, biznismann ki soti nan vil la, ki te kanpe la bò larivyè a, epi ki t ap mande m sa sa vle di. Mwen di: “Se pa t pou mwen. Se pou nou. Mwen kwè.” En-en. Li te ale. E lè Zanj sa te pati, si nou sonje, Li t al nan direksyon lwès pandan Li t ap monte; drèt la, anlè, anlè tèt pon an, epi t ale nan direksyon lwès.

⁹⁹ Pita, mwen te rankontre yon astwonòm, ki se yon Maj. Epi yo te pale m de yon konstelasyon zetwal ki te vin rasanble nan yon sèten konstelasyon.

¹⁰⁰ Lè, saj yo nan Babilòn yo te wè twa zetwal sa yo nan yon konstelasyon, nan direksyon Palestin, nou te tandè m rakonte sa, anpil fwa, èske nou konnen ke sa pwouve, diran dènye semèn sa yo, ke se laverite? Frè Sothmann, ou gen jounal sa avè w aswè a, kèlkeswa kote w ye a? Li nan jounal la, yon fèy nan yon jounal dimanch, nan nèf desann, ke yon jounalis te ale lòt bò la, epi yo te detere tout bagay sa yo. E n ap viv aktyèlman kounye a, sa pwouve, ke n ap . . . Ane sa k ap vini an se 1970. Yon diferans sètan, nan detere wòch, epi pwouve ke se fo. Li pi ta ke nou panse. Mwen pa t rive wè Frè Fred, yon jan kanmenm. Frè Sothmann, èske w isi a? Èske w gen jounal la avè w, Frè Sothmann? Ou genyen l. Li gen jounal la. Petèt demen swa m ap fè w li l. Nou pa gen tan, aswè a. Alò, nou ka wè.

¹⁰¹ Epi, gade, egzaktèman. Maj sa yo, Maj Jwif yo laba a nan Babilòn, ki t ap etidye zetwal yo, te wè zetwal sa yo fòmè yon konstelasyon. E lè l te fè sa, yo te konnen ke Mesi a te sou tè a.

E men yo antre, nan Jerizalèm, ap chante. Dezan vwayaj! “Kote Sila ki fèt Wa Jwif yo?” Yo t ap monte desann nan lari yo. E, enben, Iz- . . .

Izrayèl te ri yo: “Bann fanatik sa yo!” Yo pa t janm konnen anyen sou sa, men Mesi a te sou tè a. E la a nou konn rèss istwa a, kisa yo te di.

Bon, nou pral li sa, demen swa.

¹⁰² Kounye a, pou rive sou sa, vizyon yo pa fayi, paske yo soti nan Bondye. Pandan tout vwayaj la, te gen yon bagay ki te atire m, ki te rale m.

¹⁰³ Apre sa, lè Maj sa te di m bagay sa yo, lè m te jis yon ti gason, gad chas; oswa anvan sa, mwen kwè sa te ye, konsènan bagay sa yo. E sa te fè m pè, paske m te pè sa Maj yo te ye. Men pi devan mwen te dekouvri ke Maj yo nan Bib la te gen rezon, paske Bondye deklare l nan syèl la anvan L deklare l sou tè a, nan obsève kò selès sa yo.

¹⁰⁴ Pyè te di: “Bondye pa fè patipri pou pèsòn, nan mitan tout nasyon yo.” Kounye a, men sa yo ki gen krentif pou Li, nan tout nasyon yo, Bondye aksepte yo. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.]

¹⁰⁵ E nou jwenn, alò, m te eseye abandone panse sa. Men, o, sa t ap pran plizyè èdtan, pou pale de li, pou montre kijan li te toujou ale nan direksyon sa a, li te ale nan direksyon sa a. Men mwen te pè sa.

¹⁰⁶ Maj sa te di m: “Ou p ap janm reyisi nan Lès.” Li te di: “Ou te fèt anba yon siy.” Epi li di: “Ou . . . Siy sa a, konstelasyon sa, lè yo te kwaze, byen lwen laba a, jou nesans ou a, yo te pandye nan direksyon lwès. E ou dwe ale nan direksyon lwès.”

Mwen di: “Bliye sa.”

¹⁰⁷ Mwen—mwen pa t gen anyen pou m fè ak sa. E pandan tout tan an, poutan, toujou, sa pa t retire sa nan kè m.

¹⁰⁸ Alò, lè m te laba a jou swa sa, konsènan vizyon sa yo, m pa t ka konprann, frè Batis mwen yo te di m ke sa te vini de dyab la, epi lè sa lè Zanj sa te parèt, Li te absoliman voye l anndan Lekriti, epi Li di: “Menm jan sa te ye lè sa!”

¹⁰⁹ Lè prèt yo t ap diskite sou bagay yo, san yo pa t konn anyen sou ki kalite manto yo ta dwe mete, ak rad ak tout bagay, epi yo t ap diskite sou diferans yo, Maj yo t ap swiv zetwal la ki t ap mennen yo al jwenn Kris.

¹¹⁰ Lè predikatè yo te di ke Jezi te yon chalatan, yon Bèlzeboul, yon demon te leve epi li di: “Nou konnen ki moun Ou ye, Sen Bondye a. Poukisa Ou vin toumante nou anvan lè a?”

¹¹¹ Lè Pòl ak Silas te vini, pou preche Levanjil la, yon ti divinò ki te chita nan lari a . . . E predikatè yo nan peyi sa te di: “Mesye sa yo se chalatan. Yo dechire legliz nou yo, e latriye, y ap vire lemonn tèt anba, ak kripsyon yo a.”

112 Men kisa k te rive? Ti Maj sa a, ti divinò sa a, te di: “Sa yo se òm Bondye, k ap anonse nou chemen Lavi a.” E Pòl te reprimande lespri sa ki nan li a. Li pat bezwen okenn èd pou temwaye kimoun li te ye.

113 Jezi te toujou di yo pou yo ret an silans. Men sa montre ke, pafwa, demon yo konn plis bagay sou bagay Bondye yo pase predikatè yo; yo vin tèlman mare ak lide eklezyastik. Se te konsa, nan Bib la, e Bondye pa chanje.

114 Yon jou, antan m t ap vini, senk an de sa, sot kay Frè Norman, m t ap kondwi sou wout la. E m te fèk gen yon reyinyon laba a, e Seyè Bondye te parèt devan m nan yon vizyon. E m te chita devan pòtay mwen an, isi a lakay mwen. E l te sanble te gen move tan.

115 Anpil nan noumenm moun yo ap sonje vizyon an. Sa ekri nan liv vizyon m yo. Mwen te make yo pou m te sèten ke m pa bliye yo.

116 E nan vizyon sa a mwen te wè, te gen yon bagay ki te pase nan riyèl la, e te gen wòch ki te lonje toupatou nan lakou m lan. Epi te gen machin pou nivle ak machin pou rakle, k ap monte desann nan riyèl la, e yo te koupe epi te derasinen pyebwa yo. E m te kòmanse vire antre nan pòtay la, e l te bloke nèt ak wòch. Epi m te soti, pou m di mesye a: “Poukisa sa?”

Epi li te vin sou chire pit anpil, li te pouse m sou dèyè, epi li di: “Se konsa avèk noumenm predikatè yo!”

117 Mwen di: “Mwen te sèlman mande w: ‘Poukisa ou fè sa?’ W ap—w ap vini sou bò pa m nan lari a, isit la. Poukisa ou te fè sa?” E li te jis prèske souflete m, e li te pouse m ankò.

118 Epi m te panse: “M jis pral di l ke li pa konnen de kisa l ap pale.”

119 Epi yon Vwa te pale, te di: “Pa fè sa. Ou se yon minis.”

Epi mwen di: “Trè byen.”

120 Epi m te vire tounen, epi, sou bò dwat mwen, ki te chita devan pòtay la, te gen yon vye charèt preri. Nou konn kisa, yon kabwèt ki kouvri, ak chwal ki tache nan li. Epi madanm mwen te chita bò kote chofè a. Mwen te vire gade sou dèyè a, epi pitit mwen yo te chita dèyè a la. Mwen te monte sou kabwèt la. Mwen di madanm mwen: “Cheri, mwen te sitire tout sa m ka sitire.” Mwen pran brid yo, mwen rale brid cheval ki t ap mennen an, epi mwen kòmanse ale nan direksyon lwès.

121 Epi yon Vwa di m: “Lè sa va rive, alò ale nan lwès.”

122 Frè Wood, kontraktè isi a nan legliz nou an, epi yon administratè. Konbyen moun ki sonje vizyon an kounye a, ki sonje m te rakonte nou? Se sèten. Li ekri sou papye. Epi m te di Frè Wood. . . Li te achte, nan men legliz la, moso tè sa nan mitan la. E li ta pral bati yon kay an wòch la a. Mwen di: “Pa fè sa, Frè Wood, paske yo pa t ap janm ba w lajan w ke w mete sou li. Petèt,

petèt. . .” Sa fè plizyè lane de sa, senk an de sa. Mwen di: “Yo pral, petèt, fè pon sa pase isit la, epi wòch sa yo pwobableman soti nan sousòl mwen an ki te demoli, ak nan mach eskalye mwen yo ak lòt bagay ki te sou pwopriyete a.” Olye pou yo te wòch, se te moso beton. “E alò yo pral fè l pase la a, paske yo te di nan journal la ke se sa yo t ap eseye fè.” Ebyen, li pat bati l. Finalman yo te deside, apeprè yon lane pita, oswa de, yo ta pral fè l pase, bò kote sa. Alò sa te regle l, kifè m te jis bliye l, e m te kite sa tonbe.

¹²³ Kounye a, bagay etranj la te rive apeprè ennan de sa. Mwen te gen sévis yon jou swa kot Frè Junior Jackson. Li chita isi a menm, yon predikatè Metodis ki te resevwa Sentespri a, epi ki te batize nan Non Jezikri, epi se pastè youn nan legliz sè nou yo.

¹²⁴ Jis pou montre nou kòman Bondye trete ak moun sa yo, mwen di sa ak tout kè m. Mwen pa konn okenn kongregasyon nan lemond antye, yon kongregasyon kote mwen kwè Lespri Bondye a ye plis pase nan kongregasyon sa a. Yo gen diferans pa yo. Se sèten ke yo pa rive nan nivo yo ta dwe ye a, okenn nan nou, men yo pwòch menm jan ak nenpòt lòt moun ke mwen konnen.

Mwen pral montre nou, paske mwen konnen sa ki pral rive.

¹²⁵ Frè Jackson te fè yon sonj. Li pa t ka detache de li; e m t ap kite legliz li a, e li jis pa t ka sipòte sa.

¹²⁶ Konbyen tan sa fè, Frè Jackson? [Frè Jackson di: “M te fè sonj lan an fevriye 61, Frè Branham.”—Editè a.] An fevriye 61, li te fè sonj lan.

¹²⁷ Epi li te vin jwenn mwen, epi li di: “Gen yon bagay sou kè m. Mwen dwe di w li, Frè Branham.”

Mwen di: “Ou mèt kontinye, Frè Jackson.”

¹²⁸ Epi li di: “Mwen te fè yon sonj.” E men sa l te ye! M te jis chita trankil, e m te koute epi obsève. Li te di: “Mwen te reve te gen yon gwo kolin, ki te antoure ak yon jaden, kote zèb ble oubyen yon bagay konsa t ap pouse.” Epi li di: “Anwo sou tèt kolin sa, kote dlo a te lave tè a, te gen yon wòch anlè, anlè tèt kolin lan, ki te fòmè kòm tèt mòn lan. Se te wòch; pat gen zèb. Epi kote dlo a te koule a, li te grave yon kalite karaktè sou wòch sa yo. Epi ou te kanpe la, ap entèprete sa ki te ekri sou wòch sa yo.” Epi li di: “Nou tout,” e men fason li rakonte l, li di: “frè yo ki soti nan Georgia, ak tout kote, nou tout te kanpe ansanm, ap koute w k ap entèprete ekriti mistè sa a sou wòch sa yo, mòn sa.”

¹²⁹ Epi li di: “Aprè sa ou te ranmase yon bagay, tankou ki sot anlè a, yon bagay tankou yon levye, oswa—oswa yon pyebich.” Èske se pa t sa, frè? “Yon bagay konsa, yon pyebich, vrèman byen file.” Epi l di: “Sa, kijan w te fè l, m pa konnen.” Epi li di: “Ou te frape tèt mòn sa a, ou te dekoupe l toutotou epi ou te retire kapichon l lan. Li te nan fòm yon piramid. Epi ou te rache tèt li.” Bon, se te demwa e demwa e demwa anvan Mesaj piramid la te preche. Epi

li di: “Anba a te gen wòch blan, granit. Epi ou di: ‘Solèy la, oswa limyè a, pa t janm klere sou Sa anvan. Gade Sa. Obsève Sa.’”

¹³⁰ E se vre, paske, nan fòmasyon mond lan, mond lan te fòme anvan te gen limyè. Nou tout konnen sa. Bondye te deplase sou dlo a. E—e apre sa, nan konmansman an, Li te pale pou ke gen limyè. Epi, natirèlman, anba la a, nan epòk kote fòmasyon sa a te fèt la, limyè pa t janm vini sou wòch sa a.

¹³¹ Epi li di: “‘Gade Sa. Limyè pa t janm vin sou Sa anvan.’” E lè yo tout te monte, mwen te di yo pou yo obsève Sa, epi yo tout te vin gade.

¹³² Men li di, pandan yo t ap gade, li te gade nan kwen je l, mwen kwè se te sa, e li te obsève m. Mwen te glise al sou yon bò, epi m te kòmanse ale nan direksyon Lwès la, nan direksyon solèy kouche a; ap monte sou yon kolin, ap desann yon kolin; ap monte sou yon kolin, ap desann yon kolin; ap vin pi piti epi pi piti, epi disparèt nèt devan je l.

¹³³ Epi li di, alò, lè m te fè sa, li di: “Alò frè yo te vire tounen, apre yon moman, yo di: ‘Èske li te disparèt? Ki kote l te ale?’” Epi li di: “Gen kèk ki te pati nan direksyon sa; gen kèk ki te pran yon direksyon, epi kèk nan yon lòt.” Men, te gen yon ti kal ki te rete epi te gade sa m te di yo a.

¹³⁴ Kounye a remake entèpretasyon sonj lan. Sa, mwen pa janm di l yon sèl bagay, oubyen mwen pa t di okenn nan sa yo, okenn nan yo. Men, mwen te di, “Wi.” Epi kè m, ap tranble. Mwen t ap obsève. Kounye a, ekriti misterye a . . . Tann, m ap jis kite l pou yon ti moman.

¹³⁵ Sa pa fè lontan, Frè Beeler . . . Frè Beeler anjeneral li avèk nou. Èske w isi a, Frè Beeler? Wi, dèyè isi a. Billy te di: “Frè Beeler dechire nèt. Li te fè yon sonj etranj.”

¹³⁶ M t al kay Frè Beeler, e li te di, yon jou swa lakay li, alòske m t ap fè kèk vizit. Epi li di: “Frè Branham, m te fè yon sonj etranj.” Li di: “M te reve ke m t ap desann yon kouran dlo, nan direksyon lwès. E te gen yon wout sou bò gòch la. Epi m te sou bò gòch la, m ta prale nan direksyon lwès sou wout la, te sanble tankou, m t ap chase bèt. E sou bò dwat la, m te rive remake apre m te rive la, men ou te la. Epi ou t ap rasanble yon gwo twoupo bèt, e te gen anpil manje laba a.” Epi li di: “Apre sa ou pran bèt sa yo epi ou te fè yo remonte rivyè a.” Epi, sanble, ke mwen dwe te fè siy ak tèt mwen ba li pou l veye bèt sa yo. Epi li te di: “Kounye a, sa pral fasil pou bèt sa yo, mwen konnen yo pral nan chemen ki gen mwens rezistans lan. Men Frè Branham vle yo rete sou bò dwat rivyè sa, kifè mwen pral retounen monte sou wout sa a epi anpeche yo travèse rivyè a sou bò sa a, epi kenbe yo sou bò sa a.” Men, li te remake, m pa t janm swiv bèt yo, men m te kontinye, nan direksyon lwès. Li di: “Li dwe ap cache bèt ki pèdi.”

¹³⁷ Apèn li te fin di sonj lan, mwen te wè l. Epi, remake, li te di li te vin gen yon ti kal mefyan sou mwen, alò li te retounen gade.

Epi li di m te rive sou yon mòn, epi toudenkou m te disparèt. Epi li te mande kisa ki pat mache. Li te desann. Epi li te gen yon ti kouran dlo sou bò pa l la, ki te fè yon branch sou bò gòch la. Mwen panse ke se sa, Frè Beeler. Wi. Epi li te remake nan. . . Epi bò kote m lan te gen yon chit tèrib. Epi li te panse m te tonbe petèt nan chit sa yo epi—epi peri. Apre sa li te remake, e li te di li te gade toutotou, li te wè efè chit sa yo, yo tonbe sou bò *sa a*, sa ki te lakòz yon pi atezyen pete, men dlo a pa t retounen nan tè a. Li te gade atravè ti branch lan, oswa ti kouran dlo a, epi li te wè kèk ti bèt ak zòrèy won. Epi l di: “Mwen kwè m pral pran youn.” Epi li te travèse.

138 Apre sa li te kòmanse panse avè m. Epi li te monte sou yon ti mòn, pou l gade lòt bò a epi wè si te gen yon ti kwen, tou piti, ki etwa, nou konnen, ke m te ka mache sou li. Men, li di: “Pa t gen anyen.” Epi li te vin enkyè. Li di: “Kisa k te rive frè nou an? M mande m sa ki te rive Frè Branham?” Epi lè l te vin pè, li te di li te tandè m pale. E m te kanpe sou tèt yon mòn. Epi m te di Frè Beeler yon entèpretasyon de yon sonj ke m te ba li sa pa fè lontan, epi m te di l pou l ret tann Seyè a, ke yon jou m t ap rankontre l sou yon zile. Epi men l te la.

139 Kounye a, men entèpretasyon sonj sa: Nan pwen ke kouran dlo a te laj, se te kouran lavi a. Mwen ta prale nan direksyon lwès sou li, e se sa li tap fè tou; paske, li te sou yon wout, li t ap kouri piti. . . sou wout sa a. E sou lòt bò a te gen anpil zèb, men anpil touf bwa, ak raje, ak jeng; men te gen anpil zèb anndan la. E se fason sa a nou chache Seyè a, ak Manje Seyè a, atravè difikilte. Rasanble bèt yo, se te legliz sa a, kenbe yo sou bò sa a. Bèt yo an reyaltite prale sou wout fasil la, denominasyon yo, si yo kapab; se ke, wout la te reprezante denominasyon yo. M te fè l remonte wout la, pou m veye pou yo pat al nan okenn denominasyon.

140 Sitèlman ke li te wè yon miray ki te totalman enposib pou pase, ki te anpeche m ale nan lwès, se te ka taks sa ak gouvènman an. Pèsonn pa ka konprann kijan m te janm soti nan sa. Se te yon miray ki te bloke m, men Seyè a te fè m pase atravè li, e m te sou lòtbò li. M ap rankontre w, Frè Beeler, sou zile a.

141 Kifè kounye a, epi, imedyatman apre sa, Frè Roy Roberson. Frè Roy, èske w isi a aswè a? Wi, mwen—mwen kwè. . . Kisa? [Yon frè di: “Laba sou kote a.”—Editè a.] Laba sou kote a. Li te rele m, e li te fè yon sonj. Epi li te reve ke nou t ap rasanble betay. (Kounye a, sa se twazyèm lan.) Rasanble betay. Epi te gen zèb, jouk nan vant, anpil manje. Nou tout frè yo te ansanm. Epi nou rive nan yon kote pou dine, epi Frè Fred Sothmann te leve kanpe epi li di: “Eli, gran pwofèt la, pral pale depi isi a jodi a, a midi.” Apre sa, apre nou tout te fin dine, tout moun te ale, epi li te mande tèt li poukisa yo pa t tann pou yo tandè Bagay sa a ki te dwe di a.

142 Kounye a, gade kijan sa akòde egzakteman ak sa Frè Jackson te di a! Ou wè, sa koresponn egzakteman, egzakteman, ak sa Frè

Beeler te di a! Pèsonn pa t tann, pou chèche konnen.

¹⁴³ Remake, imedyatman apre sa, Sè Collins (Èske w isit la, Sè Collins?) te fè yon sonj ke li te isi a nan legliz la, e te gen yon nòs ki t ap pare pou fèt. E nan moman sa, li te wè Lepou a antre, pafè; men Lepouz la pat trè pafè, poutan se te Lepouz la; kounye a, sa se Legliz la. E te gen tankou yon kominyon, oswa yon—yon sèvis k ap fèt isi a, tankou yon dine ki pral sèvi. E sa te on jan choke l paske Frè Neville t ap sèvi yon dine nan legliz la, men li te di se te pi bon Manje ke l te janm wè. Li te tèlman grangou. Men li te panse petèt ke, nan sonj lan, ke li pa t dwe sèvi Li, epi li menm ak Frè Willard ta pral nan Ranch House la pou manje. E lè yo te fè sa, Limyè ki sou bò dwat la te etenn. Kounye a, nou konnen kisa Sa ye.

¹⁴⁴ Kounye a, Manje a. Lepouz la pa pafè, men Lepou a pafè. Lepouz la poko pafè, men Manje ke yo t ap bay la pat manje literal, se Manje espirityèl ke nou te genyen, tout tan an.

Kite m rete isi a sou katriyèm sonj sa, jis yon moman.

¹⁴⁵ Èske nou pa sonje, Frè Fred Sothmann, Frè Banks Wood, lè nou te nan Arizona ane pase a, lè nou t ap chase kochon javelina, epi Seyè a te pale? Èske nou pa konnen bagay Li te fè yo pafètman, ap montre sa k ta pral rive, pandan nou t ap mache sou wout la? Si se vre, nou tou de frè yo di: “Amèn.” [De frè yo di: “Amèn.”—Editè a.] Sa pa janm rate.

¹⁴⁶ Epi m te wè nan yon vizyon pandan nou t ap kondwi, yon jou, yon—yon vizyon Seyè a te vin jwenn mwen, e mwen t ap prepare m, nan moman sa, lè m retounen lakay, pou al lòt bò dlo. Epi lè m te ale lòt bò dlo, ebyen, m te wè sou bato a . . . oswa yon kote bò lanmè a, kote bato yo pati. E te gen yon ti mesye, kout la a, e li te di: “Mwen prepare yon bato pou ou, Frè Branham.” Epi se te yon ti bout kannòt, apeprè—apeprè yon pye longè, men li te blan kou nèj. Epi li te di m: “Sa se pou ou travèse.”

“O,” mwen di, “li—li—li pa ase.”

¹⁴⁷ Li di: “L ap fè swasant kilomèt alè, monte desann nan direksyon sa.” Sa vle di, monte desann bò kot la.

“Men,” mwen di, “sa p ap fè m travèse.”

¹⁴⁸ Epi apre sa li gade anba, epi li di: “Ale menm jan yo prale a.” Epi m te gade, e te gen la a Frè Fred Sothmann ak Frè Banks Wood, ki te chita nan yon kannòt pentire an vèt, ak kèk materyèl pou kanping deyè li. Frè Banks ak yon chapo ki leve anlè *konsa*; Frè Fred ak vizyè kaskèt li pliye. Epi li di: “Ale tankou yo.”

Mwen di: “Non. Mwen pa prale.”

¹⁴⁹ Epi nonm sa a te di yo, ti nonm lan, li di: “Èske nou se mesye ki konn kondwi bato?”

Frè Banks di: “Wi.” Frè Fred di: “Wi.”

150 Men mwen di: “Yo pa sa. Mwen se yon nonm ki konn kondwi bato, e mwen konnen mwen pa ta prale jis pou sa, e mwen sèten mwen pa ta prale konsa.”

Li di: “Èske w pa vle ale avè yo?”

Mwen di: “Non. Non.”

151 Ebyen, mwen te tounen. E, lè m te fè sa, sa te vin parèt ke ti mesye ki te sou waf la se te chè frè mwen an, Frè Arganbright.

152 E m te retounen nan vizyon sa, e te gen yon ti bilding, ki te long. Epi yon Vwa te di m. . . E nou tout sonje sa, oswa, anpil nan nou. Yon Vwa te di m: “Pote Manje anndan an. Sere L. Se sèl fason pou kenbe yo isi a, se ba yo Manje.” Epi m te pote, mwen te pote, gwo gwo barik plen ak pi bèl kawòt yo ak pi bèl legim yo, ak bagay konsa, ke m pat janm wè. Èske nou sonje kounye a, vizyon an?

153 Bon, e mwen te di nou pi devan kisa entèpretasyon an te ye. Mwen te sipoze al Zurich, an Swis, ak Frè Arganbright, pou senk sware reyinyon. Mwen te di frè yo anvan sa te rive: “M pa prale.” E m te la a ak Frè Welch Evans laba a, lè Sa te bay entèpretasyon an.

154 Yon jou swa, mwen kwè Frè Welch te vin pran m, nou ta pral nan yon pati lapèch, epi li di Frè Arganbright t ap rele m. Mwen di: “Dakò, men li. Yo pral mete m sou kote.” E anpil fwa. . .

155 Pa atravè Frè Miner; li se youn nan pi bon zanmi yo. Men pafwa, si yo ka jis. . . Si yo panse ou pral preche yon bagay ki kont doktrin yo, yo jis di ou pral la, pou fè zanmi w yo la. Epi yo di. . .

156 Frè Arganbright te rele m epi li di: “Frè Branham,” egzakteman sa Lespri a te di. Li di: “Vini non, mennen madanm ou avè w,” li di, “paske ou p ap gen pou w preche anpil,” li di, “paske mwen panse ke yo sèlman pran w pou yon sware.” Epi li di: “Ou ka petèt pa bezwen preche sila a.”

Epi mwen di: “Non.”

157 “Ebyen,” li di, “vini, oumenm ak madanm ou, nou tout vini, ou wè, e si nou fè sa, m ap mennen nou nan yon vizit gide. O, madanm mwen, madanm ou, ak yo tout, n ap vizite Swis, answit nou prale nan Palestin.”

Mwen di: “Non.”

158 Mwen te gen entèpretasyon an. Mwen te di Frè Welch, oswa Frè Fred ak lòt yo: “M ap di nou demen maten, men dabò madanm mwen dwe di yon bagay.” E lè m te rele l, alò li te refize ale. Mwen di: “Men li.” Ou wè?

159 Bon, ti bato blan sa a te reprezante grenn reyinyon sa a. Se kòrèk pou w ale nenpòt kote isi a, sou rivaj la, ak yon sèl reyinyon, men li pa ase, menm si li te blan epi bon, pou rele m lòtbò lanmè.

¹⁶⁰ Frè Fred, ak frè ki te la a, te reprezante nan vizyon an, yo te reprezante: “Ale kòm yon touris, pou plezi.” Men mwen pat dezire fè sa. E paske m te refize yo kòm moun ki kondwi bato, sa te vle di yo pat predikatè. Men, mwen te yon predikatè.

¹⁶¹ Epi Manje a nan ti bilding, long sa a. mwen pa t ale lòt bò dlo; epi m te retounen nan ti bilding sa, e nou te fè plizyè douzèn bann, sou piramid yo ak tout bagay, pou montre moun yo lè n ap viv ladann lan.

¹⁶² Kounye a konpare menm sa ak lòt yo, sonj yo. Sa se te yon vizyon. Manje a, men Li. Sa se plas la.

¹⁶³ Remake alò sa ki te pase. Alò imedyatman apre katriyèm vizyon sa a te vini, oswa yo te rakonte m katriyèm sonj lan, yon Frè Parnell te vini. Li isi a, yon kote, isi a menm. E Billy pat isi a, e nonm lan te panike anpil. Li soti nan Bloomington, mwen kwè, oswa Bedford? [Yon frè di: “Lafayette.”—Editè a.] Lafayette, li t ap fè reyinyon. Epi li te gen yon sonj, e li te vin jwenn Frè Wood. Epi li di: “Mwen jis pa ka kite sa ale. Mwen dwe di l, m dwe di Frè Branham. Sa ap boulvèse m.”

¹⁶⁴ E Bondye konnen, pa gen yon sèl sonj nan mitan yo. Yo jis vini: youn, de, twa, kat, senk, sis.

¹⁶⁵ Frè Parnell te di: “M te fè yon sonj etranj. M te reve ke m ta pral gen yon reyinyon yon kote laba a. E yon fason oswa yon lòt, te gen yon reyinyon la a tankou nan yon nouvo legliz.” Epi li di: “Nouvo legliz sa,” sa ki te soti nan sa, se ke li t ap mande tèt li poukisa de legliz yo pa t ap kolabore youn ak lòt, oubyen yon bagay konsa. Epi li di li te kanpe la, ap tann: “Ebyen, m te deja isi a. M ap jis ret tann, epi m ap asiste sèvis la.” Epi li di: “Yon nonm te travèse bilding lan, ak yon kostim mawon sou li, ak yon liv. Mwen panse li t ap ekri.” Epi li te di Frè Parnell, li di: “Sa se yon reyinyon pòt fèmen. Se sèlman pou dyak yo ak administratè yo.” Ebyen, li on jan santi yo pilonnen l. Alò li te soti nan pòt nouvo legliz la, legliz ki te bati a, oswa sa ki te repare a, ranje a. E lè l te soti deyò, te gen nèj, move tan, sezon ivè.

E okenn nan moun sa yo pa t konn anyen sou sa.

¹⁶⁶ Epi lè l te soti nan pòt la, m te kanpe la, ap gade nan direksyon lwès. M te di: “Pa santi yo pilonnen ou, Frè Parnell. M ap endike w, kisa w dwe fè.”

¹⁶⁷ Epi Frè Parnell, ak tout rèl lòt yo, te konnen mwen pa t janm ba yo okenn entèpretasyon. Se kounye a menm; poutan, m te wè l lè yo t ap rakonte l. Èske w te remake kòman m te soti la rapid, Frè Parnell? Pou m pat bezwen di w sa. E m te kontinye monte, san m pa t janm di Frè Wood anyen oswa okenn lòt moun, pèsonn. M te jis kite l, paske m te vle wè nan kisa l t ap mennen. Èske nou te tande m di dènyèman: “Mwen boulvèse”? Se sa li te ye.

¹⁶⁸ Epi, Frè Parnell, li di ke m te di l: “Frè Parnell, kòmanse. E premye plas kote ou pral rive a se pral Sefora.” Sefora, “Sefora,”

ki vle di trèdinyon, oswa arè, oswa yon bagay konsa. Mwen di: “Pa rete la. Apre sa kontinye, apre sa, epi w ap jwenn yon vye granmoun fanm; epi pa rete la. Kontinye ankò, ou pral jwenn yon vye granmoun fanm trè aje; pa rete la.” E pandan tout tan nou te ye a, mwen t ap pale a, nou t ap mache nan nèj la. Epi mwen di: “kontinye jouk ou jwenn Madanm mwen. E lè w jwenn Madanm mwen, rete la!” Epi li di ke lè li te gade, li wè nou te kite nèj la, nou te nan dezè a. Epi mwen te disparèt. Epi li te gade dèyè, e li te wè madanm li k ap ponpe dlo nan yon pwi, epi yon predikatè t ap rale l, pou elwaye l de ponp lan. Manzè t ap obsève l. Epi li te reveye.

¹⁶⁹ Men entèpretasyon sonj ou a. E m te ka di w, depi jou swa sa a, men m te jis vire do m. Kidonk Sefora, epi yon vye granmoun fanm, ak yon lòt vye granmoun fanm vrèman, vrèman aje, sa yo se legliz. Ou wè? Epi Sefora ki te an reyalyte madanm Moyiz la—la, Sefora, e nou remake ke mwen te di l pa rete sou yo, kèlkeswa laj yo te genyen an. Se òganizasyon yo te ye. Pa rete sou yo. Yo te viv tan yo. Men lè li rive sou Madanm mwen, ki se Legliz mwen ke Jezikri te voye m bay la, sa nan dènye jou sa, e men Li: “Rete la!” Epi m te pati nan direksyon lwès.

¹⁷⁰ Apre sa Sè Steffy. Li ka pa isit la, paske li te nan lopital la. Mwen pa konnen ki kote. . . Èske Sè Ste- . . . ? Wi, men li. Sè Steffy vin lakay mwen pou lapriyè, anvan li te ale lopital pou operasyon, pou ke Bondye ede l epi beni l. E Li te fè sa sètènman.

Epi li te di: “M te fè yon sonj etranj, Frè Branham.”

Mwen di: “Wi?”

¹⁷¹ Epi li di: “M te reve ke m te nan Lwès. E mwen. . .” Sa se sizyèm lan. Epi li di: “M te reve mwen te nan Lwès, e nan yon rejyon ki gen mòn. Epi lè m te gade, ki kanpe sou yon kolin, te gen yon trè vye granmoun gason ak bab long, blan, epi cheve l te genyen yo te pouse desann sou figi l. Epi li te gen yon bagay blan vlope toutotou li, yon rad,” li di, “van an t ap soufle l.” Mwen panse ke se sa, Sè Steffy, konsa. Epi li di: “M te kontinye ap pwoche pi pre. Li te kanpe, anlè sou tèt yon mòn, ap gade nan direksyon lès.” Epi li di: “M te mande tèt mwen, ‘Kimoun vye granmoun gason sa a ye?’” Epi li te pwoche pi pre, pi pre. E lè l te vin pi pre, li te rekonèt kimoun sa te ye. Se te Eli imòtèl la, pwofèt la, ki te kanpe la ap gade Lès.

¹⁷² Li di: “Mwen dwe wè l.” Li te gen yon bezwen. Epi li te kouri monte kolin lan epi li te tonbe atè a la, pou pale avè l, nan non Eli. Epi l di, lè l te pale. . . Li te tande yon vwa, ki di: “Kisa w vle, Sè Steffy?” E se te mwen.

¹⁷³ Sonj ou a te akonpli drèt la, Sè Steffy. Paske, imedyatman apre sa, mwen te ale Louisville. Sa l te gen bezwen an se te lapriyè. Ou wè? Epi li te arive soti trè byen, nan lopital la; epi siy ki montre m prale nan lwès, pandan m ap gade nan lès, pou veye twoup m nan. Remake. Lè. . .

174 Mwen t al Louisville. Epi lè m te retounen, pandan m t ap mache nan direksyon baryè a, mwen te wè yo te plante poto, toupres baryè pa m nan. Mesye Goyne, ki soti nan depatman antretyen wout yo, t ap mache nan lari a. Li di, “Billy, vin isit.” Li di: “Ou dwe deplase pòtay ou yo ak bagay sa yo, kloti a, kloti an wòch la ak pòtay yo.”

Mwen di: “Ebyen, dakò, Bill.” Mwen di: “Mwen pral—mwen pral fè sa. Kilè?”

175 Li di: “M ap di w. M ap fè w konnen kilè.” Mwen di . . . “Drèt nan kòmansman ane a, yo pral kòmansè fè l.”

Mwen di: “Trè byen.”

176 Alò m te kòmansè retounen al nan kay la, e madanm lan di: “M dwe al nan makèt la touswit.” E m te desann nan lari a. Epi yon ti gason, Raymond King, ki se enjenyè vil la. Mwen te toujou rele l “Zòrèy Labou.” Paske, nou te timoun piti, ap naje ansanm, li te frape yon nèg nan zòrèy ak yon boul labou. E nou te toujou rele l: “Zòrèy Labou.” L ap viv jis pi anba nan menm riyèl avè m, apeprè—apeprè dezyèm pòt pi ba Frè Wood.

E alò mwen di: “Labou, vin isi yon minit.”

Li di: “Dakò, Billy.” Epi li te vin la a.

Mwen di: “Poto sa ke w te plante a?”

177 Li di: “Billy, se, yo pral pran tout bagay la.” Li di: “Tout pyebwa sa yo, kloti sa yo, ak tout lòt bagay, dwe deplase.”

178 Mwen di: “Ebyen, enjenyè a te di m ke pwopriyete m lan rive nan mitan lari a.”

179 Li di: “Wi, men yo pral elaji l. Yo pral pran l, kanmenm.” Li di: “Pa m nan tou.”

180 Mwen di: “Ebyen, Frè Wood se yon—se yon mason, e,” mwen di, “mwen pral—mwen pral jis fè l deplase l.”

181 Li di: “Billy, pa manyen l. Kite kontraktè a fè sa. Sa se presbitè a, se pa sa?”

Mwen di: “Wi, mesye.”

Li di: “Kite l fè l.” Li di: “Ou konn sa m vle di.”

Mwen di: “Wi.”

182 Epi m te vire do m, epi, byen vit *konsa*, yon bagay te frape l. [Frè Branham klake dwèt li—Editè a.] M te ale lakay mwen, m te antre nan biwo m lan, m te pran liv sa, e men li te la. Se pa t blòk beton; se te wòch. Mwen di: “Meda, prepare w.”

183 Sis sonj youn apre lòt, e apre sa vizyon an te kouwone tout bagay. “Lè bagay sa yo rive, vire nan direksyon lwès.”

184 Mwen te rele Tucson. Frè Norman jwenn yon plas. M pa konn kote m prale. M pa konn kisa pou m fè. Mwen jis nan yon . . . M kanpe la. M pa konn kisa pou m fè. M ap kite yon kay m pa bezwen peye lwaye. Salè m se san dola pa semèn. E mwen prèske

oblije peye san dola pa mwa pou yon kay. Mwen jis isi a ak frè ak sè m yo, kote yo renmen m. E m prale, m pa konn ki kote. M pa konn poukisa. Mwen pa ka di nou poukisa. Men gen yon sèl bagay mwen konnen, se swiv sa Li di fè. M pa konnen, konnen nan ki direksyon pou m ale, kisa pou m fè. Se pa pou mwen ditou. . .

¹⁸⁵ Mwen sipoze ke Abraham te santi l konsa lè Li te di l: “Ale, lòtbò rivyè a.” Li pa t konn kisa pou l fè ke rete, separe tèt li. M pat konn kisa pou m fè.

¹⁸⁶ Samdi pase nan maten, yè fè yon semèn, apeprè vè twazè nan maten, m te leve epi m te pran yon gòje dlo, epi m te mete kouvèti a sou Joseph, nan chanm li. Epi apre sa m te retounen, e m te jis kouche. M t al dòmi. E lè m t al dòmi. . . M ap rakonte divès ti rèv ak bagay sa yo, pou nou ka wè kontèks sa m pral di a. Mwen—mwen te kouvri Joseph, epi m te retounen epi m te kouche, epi mwen t al dòmi. Epi m te fè yon sonj.

¹⁸⁷ E m te reve ke m te wè yon nonm ki te sipoze papa m, menmsi li te yon gwo gwo gason. E m te wè yon fanm ki te sipoze manman m, sèlman li pa t sanble ak manman m. E nonm sa a te mechan anpil ak madanm li. Epi li te gen yon baton twa kwen, kote li te fann bwa sa a. E li te fè yon. . . Nou konnen, yon bout bwa, atravè yon bout bwa, nou konnen, sa fè yon bout bwa ki gen twa kwen. E chak fwa fanm sa ta kòmanse leve kanpe, li te jis sezi l nan kou epi frape l nan tèt, epi blayi l. E alò li te konn lonje la, epi li t ap sanglote epi kriye, e apre sa li te kòmanse tounen leve ankò. Misye t ap pwomennen, fyè, ak lestomak li gonfle, gwo gwo kanmarad. E lè manzè tap leve ankò, li tap pran l nan kou, epi pran baton twa kwen sa a, epi frape l sou tèt avèk li, lage l atè. Apre sa, li fè yon pa deyè, li gonfle pwatrin li, tankou si li te fè yon bagay ki gran.

¹⁸⁸ E m te kanpe sou kote, ap obsève sa. M te panse: “M pa ka atake nonm sa. Li twò gwo. Epi, alò, li sipoze papa m, men li pa papa m.” Epi mwen di: “Li pa gen dwa trete fanm sa konsa.” E m te on ti jan fache kont li. Kifè, alò, toudenkou, m te pran ase kouraj, e m t al bò kote l, epi m te kenbe l nan kòlèt epi m te vire l tounen. Epi mwen di: “Ou pa gen okenn dwa pou frape l.” E lè m te di sa, misk mwen yo te gwosi. Mwen te sanble ak yon jeyan. Epi mesye a te gade misk sa yo, epi li te vin pè m. Epi mwen di: “Si ou frape l ankò, ou pral ann afè avè m.” E li te on jan ezite frape l ankò. Epi m te reveye.

¹⁸⁹ Epi m te kouche la yon ti moman. M te panse: “Kisa sa ye? Se etranj mwen te reve fanm sa.” E jis nan yon moman, men Li vini. Mwen te jwenn entèpretasyon an.

¹⁹⁰ Fanm lan reprezante legliz mond lan, jodi a, lemond antye. Mwen te fèt drèt nan gagòt sa, e men mwen. Li sipoze on jan de yon—yon manman de. . . si l te yon manman pwostitye, men poutan mwen te fèt drèt ladan l. E. . . Mari l se denominasyon yo k ap domine l. Baton twa kwen li te genyen an, se batèm trinitè

sa a nan fo non, ke, chak fwa li kòmanse leve, kongregasyon an, pou aksepte Li, li frape l atè avè l. Epi, natirèlman, kòm li te tèlman gwo, mwen te vire tounen, mwen te yon tikras pè l. Epi m te kouri sou li, kanmenm, e misk yo se te misk lafwa. Sa te fè m panse: “Si Bondye avè m, epi L ka ban m misk, kite m kanpe pou li. ‘Sispann frape!’”

¹⁹¹ Sa dwe te dizè nan jounen an, lè madanm mwen t ap eseye antre nan chanm lan, e sa te rive. Mwen te antre nan yon vizyon jou maten sa a, e mwen on jan. . . Kounye a, sonje, se pat yon sonj.

¹⁹² Gen diferans ant sonj ak vizyon. Sonj se lè w al dòmi. Vizyon, lè w pa al dòmi. Nou fèt konsa. Èt imen òdinè a, lè l reve, se nan sibkonsyan li. E sibkonsyan li byen lwen l. Sans li yo aktif, toutotan ke li nan premye konsyans li. Nan konsyans sa a, ou menm, ou nòmàl; ou wè, goute, santi, pran sant, tande. Men lè w nan sibkonsyan ou, nan dòmi, ou pa ni wè, ni goute, ni santi, ni pran sant, oswa tande. Men gen yon bagay, lè ou reve, ke ou retounen nan konsyans sa a. Gen yon memwa ke ou sonje yon bagay ke w te reve sou li, plizyè lane de sa. Èt imen òdinè a se fason sa l ye.

¹⁹³ Men lè Bondye predestine yon bagay, sibkonsyan sa a pa trè lwen isit la, pou vwayan an, men toulède konsyans yo drèt ansanm. Epi vwayan an, nan yon vizyon, pa al dòmi. Li toujou nan sans li, e li wè l.

¹⁹⁴ Mwen t ap eksplike sa pou kèk doktè, lòt jou a. Epi yo te leve epi yo te di: “Mèveye. Nou pa t janm menm panse a yon bagay konsa.” Lè m t ap pran yon elektwoansefalogram, e yo te di mwen. . . Yo pa t janm wè anyen konsa. Ou wè? “Ebyen,” yo te di, “gen yon bagay ki rive w.” E m te di. Mwen te rakonte l. Li di: “Se sa, egzakteman.” Ou wè?

¹⁹⁵ De konsyans yo chita toupre ansanm. Se pa anyen m te ka fè, e sa pa fè m plis ke okenn lòt moun. Se jis, Bondye te fè l fason sa. Ou pa al dòmi. Ou isi a menm, jis tankou yon dòmi. Ou kanpe isi a, ap gade, *konsa*.

¹⁹⁶ E nou tout te wè l, toupatou nan lemonn. Ou pa al dòmi. M kanpe isi a sou lestrad la, ap pale ak moun yo, nou tande m antre nan vizyon epi retounen. Lè m ap kondwi nan yon machin avè nou, nenpòt lòt kote, epi m di nou bagay ki pral rive; epi sa pa janm echwe, pa janm echwe. Èske gen yon moun ki janm wè l echwe? [Kongregasyon an di: “Non.”—Editè a.] Non, mesye. Li pa ka fayi. Li p ap fayi, toutotan ke se Bondye. Remake, drèt sou lestrad la, dè milye, devan de dizèn de milye moun, menm nan lòt lang ke m pa ka menm pale, poutan li pa fayi. Ou wè? Se Bondye!

¹⁹⁷ Kounye a, nan vizyon sa, oswa jan m t ap pale a, m te gade epi m te wè yon bagay etranj.

¹⁹⁸ Kounye a, sa te sanble tankou ti pitit gason m lan, Joseph, te bò kote m. Mwen t ap pale avè l. Kounye a, si n ap obsève vizyon an vrèman ak atansyon, n ap wè poukisa Joseph te kanpe la.

199 E m te gade, e te gen yon gwo touf bwa. Epi sou touf bwa sa a, nan yon—nan yon konstelasyon zwazo, ti zwazo toupiti, apeprè mwatye pous nan longè, ak mwatye pous nan wotè. Yo te ti veteran. Ti plim yo te bat desann. E te gen apeprè de oswa twa sou branch anlè a, sis oswa uit sou branch apre a, epi kenx oswa ven sou pwochen branch lan; sa te desann nan fòm yon piramid. E ti kanmarad sa yo, ti mesaje yo, e yo te vrèman byen fatige. Epi yo t ap gade nan direksyon lès.

200 E m te Tucson, Arizona, nan vizyon an, paske sa te fè l tèlman ak objektif klè ke Li pa t vle mwen manke wè ki kote l te ye. M t ap rache yon ti plant boul pikan sou mwen, nan dezè a. Epi mwen di: “Kounye a, mwen konnen sa se yon vizyon, e mwen konnen ke mwen nan Tucson. E mwen konnen ke ti zwazo sa yo la reprezante yon bagay.” Epi yo t ap gade nan direksyon lès. Epi toudenkou yo te deside pran vòl, epi yo te pati, nan direksyon lès.

201 E osito ke yo te pati, yon konstelasyon pi gwo zwazo te vini. Yo te sanble ak kolonm, zèl ak pwent byen file, yon jan de koulè gri, koulè on tikras pi pal ke sa premye ti mesaje sa yo te ye. Epi yo t ap ale nan direksyon lès, byen vit.

202 E kou yo te disparèt devan je m, mwen te vire ankò pou gade nan lwès, e se la sa te rive. Te gen yon eksplozyon ki an reyalyite te sekwe tout tè a.

203 Kounye a, pa rate sa. E noumenm, k ap koute bann lan, asire nou ke nou konprann sa byen.

204 Premyèman, yon eksplozyon. E mwen te panse li te sonnen tankou yon baryè son, kèlkeswa jan w rele l lè avyon travèse baryè son an, epi son an retounen sou tè a. Sa te jis sekwe, tankou, yon gwo gwonde, ak tout bagay. Alò, sa te ka yon—yon—yon gwo kout tonè, ak zèklè, konsa; Mwen pa t wè zèklè a. M te jis tande gwo eksplozyon sa ki te rezone, ki te sonnen tankou l te nan sid, pa rapò ak mwen, nan direksyon Meksik.

205 Men, sa te souke tè a. E lè sa te fèt, m te toujou ap gade nan direksyon lwès. Epi byen lwen nan Letènite, mwen te wè yon konstelasyon yon bagay ki t ap vini. Li te sanble tankou si yo te petèt ti pwen. Pa t ap ka gen mwens ke senk, e pa plis pase sèt. Men, Yo te nan fòm yon piramid, tankou mesaje sa yo ki t ap vini yo. Epi nan moman sa, Pwisans Bondye Toupwisan an te leve m anlè pou m al rankontre Yo.

206 E mwen ka wè Li. Li pa janm kite m. Uit jou pase, e m pa ka bliye l, poutan. Mwen pa t janm gen anyen ki trakase m tankou sa. Fanmi m va di nou.

207 Mwen te ka wè Zanj sa yo, ki te gen zèl yo dirije sou dèyè, k ap vwayaje pi vit pase vitès son. Yo soti nan Letènite, nan yon moman, tankou yon bat je. Pa ase pou bat je w, jis yon ti siy, epi Yo te la. Mwen pa t gen tan pou m konte. Mwen te apèn gen tan pou m gade. Èt fòmidad, gran Zanj puisan, blan tankou nèj; zèl

nan plas yo, ak tèt yo. Epi yo t ap fè: “Ffff-ffff!” Epi nan moman sa a, mwen te leve anlè nan piramid konstelasyon sa a.

208 Mwen te panse: “Kounye a, se sa.” Tout kò m te angoudi. Epi mwen te di, “O! la la!” Sa vle di ke pral gen yon eksplozyon ki pral touye m. Mwen nan fen wout mwen kounye a. Mwen pa dwe di moun mwen yo, lè vizyon sa a va pati. Mwen pa vle yo konn sa. Men, Papa ki nan Syèl la fè m konnen kounye a ke tan pa m lan fini. E mwen p ap di fanmi m, pou yo pa enkyete yo pou mwen: ‘Paske, li pare pou l ale.’ E Zanj sa yo vini chache m, e m pral mouri byento kounye a nan yon jan de eksplozyon.”

209 Apre sa panse sa te vin jwenn mwen, pandan m te nan konstelasyon sa: “Non, se pa sa. Si sa te touye w, li t ap touye Jozèf.” E m te ka tandè Joseph ki t ap rele m.

210 Ebyen, alò mwen te tounen ankò. M te panse: “Seyè Bondye, kisa vizyon sa vle di?” E m t ap poze tèt mwen kesyon.

211 Epi lè sa a, sa te vin nan tèt mwen (pa yon vwa), sa senpleman te vin nan tèt mwen. “O! Sa se Zanj Seyè yo, ki vini pou ban mwen nouvo komisyon m lan.” E lè m te panse sa, m te leve men m anlè, e m te di: “O Seyè Jezi, kisa W vle m fè?” Epi vizyon an te kite m. Pandan prèske inèdtan, mwen pa t ka gen okenn sansasyon.

212 Bon, nou konnen kisa benediksyon Seyè yo ye. Men, Pwisans Seyè a konplètman diferan, Pwisans Seyè a nan jan de plas sa yo. Mwen te santi L, anpil, anpil fwa, anvan, nan vizyon, men pa janm konsa. Li sanble ak yon laperèz ki mele ak respè. Mwen te tèlman pè ke mwen te paralize nan prezans Èt sa yo.

213 Mwen di Laverite. Jan Pòl te di: “Mwen pa bay manti.” Nou pa t janm bare m ap di anyen ki fo sou yon bagay konsa. Yon bagay ap pare pou rive.

214 Alò, apre yon moman, mwen di: “Seyè Jezi, si yo pral touye m, fè m konnen, konsa mwen p ap pale ak fidèl mwen yo sou sa. Men si se yon lòt bagay, fè m konnen.” Men, anyen pa t reponn.

215 Apre Lespri a te kite m, pandan apeprè yon demi èdtan, mwen panse, oswa plis, Mwen di: “Seyè, si se sa, alò, ke m pral mouri, e Ou fini avè m sou tè a, epi—epi yo pral mennen m Lakay kounye a; ke, si se sa, se byen. Se kòrèk. Alò,” mwen di, “si se sa, fè m konnen. Voye Pwisans Ou sou mwen ankò, alò m ap konnen pou m pa pale ak fidèl mwen yo oswa okenn moun sou sa, paske W ap pare pou vin pran m.” E mwen . . . E anyen pa t rive. Epi m te tann yon moman.

216 Alò mwen di: “Seyè Jezi, si sa pat vle di sa, e sa vle di ke Ou gen yon bagay pou mwen pou m fè, e sa va revele ban mwen pi devan, alò voye Pwisans Ou.” E Sa te prèske fè m soti nan chanm lan!

217 Mwen te jwenn tèt mwen, yon kote, nan yon kwen. Mwen te ka tandè madanm mwen, yon kote, ap eseye sekwe yon pòt. Pòt

chanm lan te fèmen a kle. E m te gen yon Bib ki louvri, e li . . . Mwen t ap li, m pa konnen, men se te nan, mwen kwè, Women chapit 9 la, dènye vèsè a:

. . . Men li, mwen mete yon pyè angilè nan Siyon, yon wòch k ap fè moun bite, yon pyè angilè presye, e moun ki kwè nan li p ap janm soti wont.

218 E m te panse: “Se etranj mwen t ap li sa.” Lespri toujou ap transpòte m, nan chanm lan! Mwen te fèmen Bib la epi m te kanpe la.

219 Mwen te ale nan fenèt la. Li te apeprè dizè nan lajounen, oswa pi plis. Epi m te leve men m anlè, epi m te di: “Seyè Bondye, mwen pa konprann. Sa se yon jou etranj, pou mwen. E mwen pa nan mwenmenm, prèske.”

220 Mwen di: “Seyè, kisa sa vle di? Kite m li ankò, si se Ou.” Kounye a, sa sanble tankou timoun. Epi mwen te pran Bib la, mwen te louvri l. Men li te la ankò, nan menm plas la, Pòl t ap di Jwif yo ke yo te eseye pou . . . di Women yo ke Jwif yo te eseye aksepte Li pa zè, men se pa lafwa ke nou kwè Li.

221 Ebyen, se te yon tan fòmidad, depi lè a. Kounye a nou wè kote m kanpe. M pa konn sa k ap pase. M pa konn sa pou m di.

222 Men kounye a pèmèt mwen, la a, apati de kounye a, pou pwochen, apeprè kenz, ven minit yo, kite m eseye di yon bagay isi a kounye a. Sonje, pa yon sèl fwa vizyon sa yo janm fayi. Kounye a mwen pral pran Lèzekriti yo pou yon moman, si nou remake, nan Apokalips chapit 10 la. Bon kite m di sa. Si vizyon an selon Lekriti, li ka sèlman entèprete pa Lekriti. Epi mwen vle nou mete sa ansanm.

223 Epi, kounye a, noumenm ki prezan, epi noumenm k ap koute bann lan, asire nou ke nou di sa fason mwen di l la, paske li ta ka trè fasil pou yo mal konprann li.

224 Èske nou prese? [Kongregasyon an di: “Non.”—Editè a.] Trè byen. Jis . . . Mwen di nou mèsè paske nou te tèlman tranquil, janti.

Kounye a, “Setyèm zanj lan . . .”

225 Kounye a, mesye, (jan mwen bay tit sa a) èske se siy tan fen an sa? Ki kote n ap viv? Ki lè nan jounen an li ye? Tankou moun k ap lite a ki fatige, pandan nwit la, k ap leve epi limen revèy la, pou gade pou wè ki lè li ye, li limen limyè a. Priyè m se: “Bondye, fè ke nou limen Limyè a.”

226 Mwen kanpe nan yon pozisyon tèrib, si sèlman nou te konnen sa. Sonje, mwen di nou nan Non Seyè a, mwen di nou laverite, e yon bagay pare pou l rive.

227 Mwen pa konnen. Kounye a, nou menm k ap koute bann lan, sezi sa. Mwen pa konnen. Mwen pral eseye. Sa k te vin nan lespri m, yè, antan m te chita nan biwo m lan, mwen pa di ke se laverite;

se te jis yon bagay ki t ap brase nan kè m pandan m t ap mache ale vini.

228 Mwen—mwen te sipoze ale, pran yon ti tan, epi ale ak Charlie, epi chase avè l pou yon jounen, anvan nou te oblije separe.

229 Kite m di, ke, paske m pral nan lwès, se pa ke m ap kite tabènak sa. Sa a se legliz Seyè Bondye a ban mwen an. Sa a se katye jeneral mwen. Sa a se pòs mwen. Mwen prale sèlman nan obeyisans a yon kòmandman ke yo te ban mwen pa vizyon. Pitit gason m lan, Billy Paul, ap rete sekretè m. Biwo m lan ap isi a menm nan legliz sa. Avèk èd Bondye, m ap isi a lè se. . . bagay sa fini, pou preche Sèt So yo. E nenpòt bann ke m ap fè, oswa nenpòt lòt bagay, pral fèt isi a menm nan legliz sa. E isi a menm, dapre sa m konnen, se plas kote m ka preche ak plis libète pase mwen kapab nan nenpòt lòt kote nan mond lan, paske gen yon gwoup moun isi a ki kwè, e ki grangou e ki kenbe fèm. E mwen santi m lakay mwen isit la, pou mwen. Sa a se plas la. E si nou remake, sonj yo te pale menm bagay la, ou wè, kote Manje a ye.

230 Bon, men, mwen pa konnen kisa k ap tann mwen alavni, men mwen konnen Ki moun ki kenbe lavni. Sa se bagay prensipal la.

231 Kounye a, Bondye, si m antò, padonnen m, epi fèmen bouch mwen, Seyè, a nenpòt bagay ki pa ta volonte W. M sèlman ap fè sa paske mwen enpresyone, Seyè. Ke moun yo konprann; sèlman enpresyone.

232 Rezon mwen panse ke entèpretasyon an pa t janm vini imedyatman, se te pa souverènte Bondye, paske mwen kwè sa ekri isit la nan Bib la pou mwen. E alò si se selon Lekriti, se sèlman Lekriti ki ka entèprete l. E si sa se vre, frè, sè, m pa gen entansyon fè nou pè, men pito nou fè anpil atansyon kounye a. N ap pare pou. . . Yon bagay ap pare pou rive. E mwen di sa ak respè epi krentif pou Bondye. E nou panse mwen ta kanpe isi a. . . E nou menm moun yo menm kwè nan mwen ke m se yon pwofèt; Mwen pa pretann se sa mwen ye.

233 Se te santiman mwen. Na-. . . Ane pase a, mwen te di: “Mwen. . . Sèl bagay mwen te wè, revèy la fini, nan nasyon yo, oswa, nasyon sa a, tout jan.” Mwen te fè yon vwayaj evanjelizasyon. Anpil nan nou te ale avè m. O, sa te trè byen. Nou te pase gwo moman, bon reyinyon, anpil foul moun, men li jis pa t atenn bi a.

234 Ane sa, m ap fè yon vwayaj misyonè. Osito mwen kapab, m pral an Afrik, Lend, epi atravè lemond, si m kapab, nan yon lòt vwayaj misyonè.

235 Si sa pa mache, alò mwen p ap ni pran dlo ni manje, epi m ap grenpe kèk nan mòn wo sa yo laba a, e m pral rete la jouk Bondye reponn yon jan kanmenm. Mwen pa ka viv konsa. Mwen jis pa ka kontinye.

236 Sa ka repons lan isi a. Mwen pa konnen. “Jiskaske Li chanje m,” èske nou sonje vizyon an sa fè apeprè twa semèn, “m te kanpe nan solèy la, ap preche bay kongregasyon an”? Nou tout te isi a dimanch pase. Anpil dimanch, nou menm moun isi a ki pran bann yo, e—e ki isi a lè yo anrejistre, nou konprann bagay sa yo. Paske, kounye a m ap jis touche pwen sa yo, epi noumenm obèsve l. Jis menm chak ti detay nan sa a ki te di, retwouve l drèt nan sa a, kidonk sa dwe entèpretasyon an. Mwen pa konnen. Se poutèt sa m ap di: “Mesye, èske se sa?”

237 Mwen kwè ke “setyèm zanj lan” nan Apokalips 10 se mesaje setyèm aj legliz la nan Apokalips 3:14. Sonje. Kounye a kite m li. Gade kote m ka li. Bon, sa se te setyèm zanj lan.

Men nan jou vwa setyèm zanj lan, (vèsè 7 la) lè l kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ap akonpli, jan li te deklare l bay sèvitè l yo pwofèt yo.

238 Kounye a, remake, sa se te yon zanj. E se zanj setyèm aj legliz la, paske sa di isi a, se “setyèm zanj lan,” nan setyèm aj legliz la. Nou jwenn sa, si nou vle wè kilès lan. . . ki kote zanj lan ye, Apokalips 3:14, se, “Zanj pou legliz Lawodise a.”

239 Bon, nou sonje lè yo te di sa la, zanj yo ak aj legliz yo. E kounye a sa pral konkòde pafètman ak Sèt So sa yo, ke nou pral pale a pita. E Sèt So yo ke nou pral eseye pale de yo a, lè lè a rive, se sèt So ki ekri yo. E Sèt So sa yo, jan nou konnen an, se jis manifestasyon sèt zanj sèt legliz yo; men, gen sèt lòt So ki sou do Liv la, Li andeyò Bib la. Remake. N ap rive sou li nan yon moman.

240 Kounye a, anvan m kòmanse sa, èske nou fatige? Èske nou ta renmen kanpe, chanje pozisyon? [Kongregasyon an di: “Non.”—Edite a.] Kounye a koute byen.

241 Setyèm zanj nan Apokalips 10:7 se mesaje setyèm aj legliz la. Ou wè? Kounye a obsève. “E nan jou yo. . .” Kounye a obsève isi a:

Men nan jou vwa setyèm zanj lan, lè l kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ap akonpli, . . .

242 Kounye a, li pwoklame, mesaje sa a, setyèm zanj lan isit la pwoklame Mesaj li a bay legliz Lawodise a. Remake kalite Mesaj li a. Kounye a, se pat pou premye zanj lan, yo pat ba l Sa; dezyèm zanj, twazyèm, katriyèm, senkyèm, sizyèm. Men se setyèm zanj lan ki te gen kalite Mesaj sa. Kisa l te ye? Remake kalite Mesaj li a: “Konplete tout mistè Bondye yo, ki ekri nan Liv la.” Setyèm zanj la ap mete fen nan tout mistè ki ret pandye yo, tout atravè òganizasyon ak denominasyon sa yo. Setyèm zanj lan rasanble yo, epi fini mistè a an antye. Se sa ke Bib la te di: “Fini mistè Liv ki ekri a.”

243 Kounye a annou note kèk nan mistè sa yo, e si nou vle ekri yo. Premyèman, mwen pral pran sa Scofield di isi a, nan Matye

13. Si nou ta renmen make kèk nan yo, si nou pa gen yon Bib Scofield, nou ta ka li sa l panse kèk nan mistè yo ye. Kounye a, nan vèsè 11 lan:

Epi li reponn yo epi li di yo: Paske li ban nou (disip Li yo), paske, nou menm, yo ba nou favè pou nou konnen mistè wayòm syèl la. Men, yo pa ba yo favè sa a.

244 Mistè yo, men “mistè a.” Yon mistè se Lekriti, se yon Verite ki te kache anvan kounye a ki revele Divinman, men (ki gen) yon eleman sinatirèl toujou rete malgre revelasyon an. Pi gwo mistè yo ak gwo mistè yo se:

245 Nimewo en, mistè Wayòm Syèl la. Se sa n ap pale sou li kounye a. 13, Matye 13:3 a 50.

246 Kounye a, dezyèm mistè a se mistè avègleman Izrayèl la pandan aj sa a. Women 11:25, ak kontèks la.

247 Twazyèm, twazyèm mistè a se mistè anlèvman sen vivan yo nan fen tan aj sa a. En Korentyen 15, epi tou Tesalonisyen 4:14 a 17.

248 Katriyèm lan, se mistè Legliz Nouvo Testaman an antan ke yon sèl Kò ki konpoze alafwa, ak Jwif ak Moun lòt Nasyon yo. Efezyen 3:1 a 11, Women 16:25, epi tou Efezyen 6:19, Kolosyen 4:3.

249 Senkyèm mistè a se Legliz la antanke Lepouz Kris la. Efezyen 5:28 a 32.

250 Sizyèm mistè a se Kris vivan an, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Galat 2:20, ak Ebre 13:8, ak anpil kote konsa.

251 Setyèm mistè a se Bondye, menm Kris antan ke plenitid enkanè Divinite a enkanè, nan Li tout sa jès Diven an . . .

252 . . . epi pyete restore bay lòm.

253 Nevyèm mistè a se mistè inikite a, ke yo jwenn nan De Tesalonisyen, e latriye.

254 Dizyèm mistè a se sèt zetwal nan Apokalips 1:20. Nou fèk pase atravè sa, “Sèt zetwal sèt legliz yo, sèt mesaje yo,” e latriye.

255 Epi onzyèm mistè a se mistè Babilòn, pwostitye a. Apokalips 17:5 a 7.

256 Sa se kèk nan mistè ke zanj sa sipoze revele yo, tout “mistè a,” tout mistè Bondye yo.

Epi lòt yo, e ke m ka di sa ak respè, e m p ap fè referans a tèt mwen, men m ap refere a Zanj Bondye a:

257 Semans sèpan an, sa te yon mistè kache, pandan tout ane sa yo.

258 Gras la, retabli; pa wont, men vrè gras reyèl la.

259 Pa gen yon bagay konsa tankou yon lanfè Etènèl, k ap boule. Ou pral boule pandan dè milyon lane. Men, nenpòt bagay ki te

Etènèl, pat janm gen yon kòmansman oswa yon fen; e lanfè te kreye.

Tout mistè sa yo!

²⁶⁰ Mistè batèm Sentespri a, san sansasyon, men Moun Kris la k ap fè nan ou zèv ke L te fè yo.

²⁶¹ Mistè batèm dlo a. La, doktrin ekstrèm trinite a te chanje l an tit “Papa, Pitit ak Sentespri.” E mistè Divinite a te akonpli nan batèm nan Non “Jezikri,” dapre Liv Apokalips la, ke Legliz la te dwe resevwa nan tan sa a.

Men kèk nan mistè yo.

²⁶² Kolòn Dife a k ap retounen. Amèn! Se bagay sa ki sipoze rive, e nou wè l.

O, ala nou te ka kontinye, ap nonmen mistè yo!

²⁶³ Nou wè Kolòn Dife sa ki te kondwi timoun Izrayèl yo, Sila menm ki te frape Sòl pandan l te sou wout li pou ale Damas! Epi menm Sila a ki vini an, ak menm Pwisans lan, ki fè menm bagay yo, epi ki revele menm Pawòl la, ki rete Mo pou Mo ak Bib la!

²⁶⁴ Son twonpèt la, vle di twonpèt “Levanjil la”. Epi son yon twonpèt, nan Bib la, vle di: “Prepare nou pou lagè selon Lekriti.” Èske n ap note sa? Lagè selon Lekriti!

²⁶⁵ Pòl te di, si nou vle make sa, En Korentyen 14:8. Pòl di: “Si twonpèt la bay yon son ki pa soti klè, kijan yon nonm va konnen pou kisa pou l prepare tèt li?” E si li pa gen yon son selon Lekriti, youn ki konfime, youn—yon konfimasyon Pawòl Bondye a ki manifeste, kijan nou pral konnen nou nan tan lafen an?

²⁶⁶ Si li di yo kwè ke Jezikri se menm lan ayè, ak pou tout tan, men nye siy ak mèvèy Li yo ke tout domèn lanati a te kwè nan Li, e tout Legliz la te kwè nan Li gras a sa, kijan nou pral konnen kòman pou nou prepare?

²⁶⁷ Yon moun te vini ak yon tablo epi li te desine tout sa; epi yon moun te vini, avèk yon lòt bagay, epi li te desine tout *sa a*, ki te kontrè ak *sila a*. Gen kèk ki te vini epi ki di sesi se *Sa*, yo retounen sou *sa*. Epi gen lòt ki ekri liv, ak bagay konsa.

²⁶⁸ Men, Bondye vini nan Pwisans rezirèksyon Li! E kimoun ki pral pale kont Sa? Si Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, Li fè menm bagay ke Li te fè ayè a, jodi a, ak pou tout tan. Se sa zanj sa a sipoze fè: li dwe pran mistè sa yo, pwen sa yo ki pa rezoud kote moun yo ap egare.

²⁶⁹ Remake, si sa bay yon son ki pa klè, ki pa selon Lekriti, kimoun ki ka prepare tèt li? Men, yon twonpèt, èske nou te remake, chak nan aj sa yo, jan m te di nou konsènan legliz k ap vini an, te gen yon twonpèt ki te sonnen, yon So te brize. E yon twonpèt vle di lagè. Si li pa bay yon son selon Lekriti, kisa l ye menm?

Men kite m raple nou sa. Pa rate l kounye a.

270 Remake, chak aj legliz te gen mesaje pa l. Nou konn sa. Pòl te premye mesaje a. E lè premye twonpèt la te sonnen, e premye So a te brize, Pòl te premye mesaje a, jan nou te wè sa, e kisa l te fè? Li te deklare lagè ak (kisa?) legliz Ôtodòks la, poutèt li pa t kwè siy Mesyanik ke Jezi te pwodwi pou yo a. Enben, yo ta dwe konnen l. Yo ta dwe konnen Li.

271 Sonje, Pòl te vini nan fen aj la. Tout mesaje yo vini nan fen aj la. Se nan tan lafen an, lè yo—yo te pote bagay sa yo.

272 Pòl, ki te konnen Lèzekriti, e ki te konnen ke Jezi te Mesi a, e li te kondane sinagòg sa yo, sot yon kote al yon lòt kote, ak Lèzekriti, e yo te mete l deyò nan chak grenn nan yo. Jouk, finalman, li te souke pousyè a sot nan pye l epi li te vire al jwenn Moun lòt Nasyon yo. Kisa l te ye? Son yon twonpèt; yon zanj, mesaje, ki kanpe la ak Pawòl la! O la la! Pa rate sa kounye a. Pawòl la! E Pòl, avèk entèpretasyon Pawòl Bondye a san melanj, te kondane chak grenn nan sinagòg sa yo. Sa te koute l lavi li.

273 Ala nou te ka desann al jwenn Irene, sila a, mesaje pwochen aj legliz la!

274 Epi Sen Martin, pwochen aj legliz la, lè yo kòmanse pran doktrin Nikolait yo, ke li te kòmanse antre. E yo te kondane aj sa. Sen Martin te kondane aj li a.

275 Epi Luther, senkyèm mesaje a, li te kondane legliz Katolik sa, ak Pawòl Bondye a. “Jis la va viv pa lafwa,” li te di. “E sa se pa kò literal Kris la,” epi li te jete kominyon an atè a, e l te mache soti epi l te kondane legliz Katolik sa. Twonpèt sa te sonnen se vre. Se vre?

276 John Wesley te leve, nan epòk legliz Anglikan an. “Enben,” yo te di, “pa gen okenn rezon ankò pou gen revèy,” e sa te deteryore. Men John Wesley te leve kanpe, ak mesaj dezyèm zèv lagras la, sanktifikasyon an, e li te kondane legliz Anglikan sa ak yon twonpèt Levanjil, li te prepare pou lagè. Se vre. Li te fè l.

277 Kounye a nou nan laj Lawodise a, kote yo fòme denominasyon ankò; Metodis yo, Batis yo, Presbiteryen yo, Literyen yo, Pannkotis yo. E n ap tann yon pwofèt ki gen pou vini, pou kondane aj sa, epi detounen yo nan inikite yo.

278 Kounye a, si se tandans lan, atravè tout aj yo nètale, èske Bondye pral chanje tandans Li nan jou sa a? [Kongregasyon an di: “Non.”—Edite a.] Li pa ka chanje l. Li dwe kenbe fason abityèl pou fè bagay yo.

279 Epi sonje, mesaje sa se te setyèm zanj lan, e li te dwe pran tout mistè yo epi rasanble yo. Remake, setyèm zanj lan te dwe kondane legliz rich Lawodise a. “Mwen rich, mwen gen anpil byen, e m pa bezwen anyen.” Li di: “Ou se yon mizerab malere, pòv, avèg, toutouni, e ou pa konnen sa.” Se te Mesaj li a.

280 O Bondye, voye yon pwofèt ki pa pè pou nou avèk ENSI DI SEYÈ A, ke Pawòl konfime Bondye a ap ajì atravè li epi pwouve

ke se Bondye ki voye l. E lè l vini, li pral kondane aj sa yo. Sa va fèt sètèn. Li va mete legliz Lawodise sa kont li. Sètènman, li pral fè l. Yo te fè sa nan tout lòt aj. Sa p ap chanje nan aj sa a. Sa dwe menm jan an.

²⁸¹ Remake, kounye a, legliz Lawodise a. Mesaje (pral fini) Lawodise a, setyèm zanj lan, pral fini tout mistè yo ki te pèdi nan batay yo, anvan, pou Laverite.

²⁸² Luther te parèt, men li pa t gen tout Verite a. Li te sèlman gen jistifikasyon. Se vre.

²⁸³ Yon lòt mesaje te vini, ki te rele John Wesley, ak sanktifikasyon. Li pat genyen L. Bib la di sa. Legliz Filadèlfi a!

²⁸⁴ Apre sa aj legliz Lawodise a te vini, ak batèm Lespri a. Men yo te gagote tout Sa epi yo te retounen drèt nan fòmalis tankou yo te fè l an premye.

²⁸⁵ Alòske, “Li dwe konsidere kòm Alfa ak Omega,” Men L lonje nan *yon* direksyon, epi nan *yon* direksyon, “Premye a ak Dènye a.”

Lespri Li te tonbe nan Jou Pannkot la e L te ranpli gwoup sa a.

²⁸⁶ Li te vide tèt li piti piti, jouk li rive nan aj fè nwa yo. Sèt Chandelye Annò yo, sèt aj legliz yo, dènye a se te sa ki te pi elwaye de Li. Sa se te yon aj fè nwa mil-. . . prèske mil an, nan legliz Katolik la.

²⁸⁷ Luther te kòmanse pote pwochen limyè a, yon tikras pi pre Pawòl la.

Pwochen limyè a, vin yon tikras pi pre.

²⁸⁸ Pwochen limyè a, Lawodise a. Apre sa li te retounen drèt tankou l te fè l, an premye a, li te ale drèt nan menm gagòt li te fè an premye a. Nou pa wè sa m vle di?

²⁸⁹ Kounye a gade. Gen anpil Verite ki pèdi la, (poukisa?) kote lòt yo te fè konpwomi sou Laverite. Men setyèm zanj sa a pa fè konpwomi sou anyen. Li rasanble tout pwen ki poko rezoud yo, li rasanble yo tout. Epi lè l ap sonnen: “Tout mistè Bondye a ta dwe akonpli.” O! Bondye, voye l. Tout mistè kache yo te akonpli lè, limenm, Sa te revele ba li. Pa kisa? Si sa yo se mistè kache yo ye, nonm lan ap gen pou l yon pwofèt. E èske nou pat jis pase ladann epi wè ke pwofèt la, ki ta pral vini nan dènye aj la, ta dwe gran Eli sa ke nou t ap tann lan? Paske, mistè sa yo ki kache, nan tan teyolojyen yo, pral dwe revele; pou Bondye. E Pawòl la vin sèlman jwenn pwofèt la. E nou konn sa. Li pral dezyèm Eli a, jan sa te pwomèt la. O la la! Mesaj li—li pral pote a se pral mistè yo, tout, tout bagay sa yo.

²⁹⁰ Nou gen batèm dlo a. Tout bagay melanje. Se vre. Youn wouze; lòt la vide dlo. Youn pran “Papa, Pitit, Sentespri.” Youn pran *sa*. Youn batize twa fwa, fas sou devan; paske, youn pou yon

Bondye ki rele “Papa,” yon lòt pou yon Bondye ki rele “Pitit,” yon lòt pou yon Bondye ki rele “Sentespri.” Lòt la te di: “Ou gen tò. Li dwe batize pa dèyè, twa fwa, fason sa.” Epi, o, ala yon gagòt!

²⁹¹ Men tout bagay la fini, paske gen yon sèl Bondye, e Non Li se Jezikri. “E pa gen yon lòt Non anba Syèl la kote lèzòm dwe sove.” Pa gen yon sèl tèks nan Lekriti, okenn kote nan Bib la, kote nenpòt moun te janm batize nan nenpòt lòt fason ke nan Non Jezikri. Pa gen yon sèl fwa yon moun ki fè pati nouvo Legliz la, oubyen Legliz Jezikri a, ke yo te wouze, ke yo te vide dlo sou li, oubyen nenpòt lòt bagay. Pa yon sèl fwa yo te janm itilize yon seremoni: “Mwen batize w nan non Papa a, Pitit, Sentespri.” Se kredo ak bagay konsa.

²⁹² E nan batay pou Laverite a, pwèn sa yo te pèdi, men Bondye te di yo t ap restore ankò nan dènye jou a. “M ap restore,” Seyè a di. Nou te pase atravè sa, sa pa fè lontan, *Pyebwa Lepouz La*. Sa pral pran yon pwofèt. Bib la di ke li t ap isi a. Se vre. Malachi 4, di ke li pral isi a, e nou kwè ke li pral isi a. N ap tann li. E n ap tann manifestasyon li, e n ap wè Pawòl Bondye konfime a.

²⁹³ Pral jis gen kèk moun ki konprann Sa. “Menm jan sa te ye nan tan Noye a, se konsa l ap ye nan vini Fis de lòm lan.” Konbyen ki te sove? Senk nanm . . . Nan epòk Lòt la, te gen an reyalye twa ki te sove. Madanm lan te kòmanse, epi li te pèdi. “Se konsa l va ye nan vini Fis de lòm lan.” Pral gen jis kèk moun ki sove, ki pral anlve nan moman sa a; youn nan mistè yo se anlèyman Legliz sa a. Tankou yo te pran Lòt, tankou yo te fè Lòt soti, ale lwen; Noye te anlve; epi Legliz la pral anlve, tou. Youn te antre; epi youn te soti; epi lòt La monte. Ou wè? Se sa egzakteman, pafètman.

²⁹⁴ Pawòl la vini. “Liv ki ekri anndan an,” alò li fini nèt lè sa a, tout mistè sa yo fin sonnen. Kounye a kite m li l ankò, kounye a, konsa nou va sèten. Kounye a gade:

*Men nan jou vwa setyèm zanj lan (dènye zanj lan),
lè l kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ap
akonpli, . . .*

²⁹⁵ Bon, kisa “mistè Bondye a” ye, youn nan yo? Pòl te di, nan En Timote 3, mwen kwè se te sa, li di: “San kontradiksyon mistè pyete a gran: paske Bondye te manifeste nan lachè (nou te manyen L, nou te wè L), yo te resevwa Li anwo nan Laglwa, Zanj yo te temwen Li, Li te konfime isi a sou tè a.” Sa se sou Bondye! Sèten, se yon gwo mistè, men tout sa rezoud. Pa “Papa, Pitit, ak Sentespri,” twa Bondye; men, yon sèl Bondye nan twa fonksyon. Patènite a, anba Moyiz; kòm Fis lan, anba Kris; Sentespri a, anba dispansasyon sa a. Twa dispansasyon pou menm Bondye a; pa twa Bondye. Mistè a fini kounye a. Bib la te di li ta dwe fèt. Lè lan . . .

²⁹⁶ Mwen te wè, lòt jou a, kote lasyans ap eseye kontredi m, nan sa yo te abitye di, lè m te di: “Nenpòt moun ki kwè ke Èv te manje yon pòm!” Kounye a lasyans yo a di, nou te wè nan jounal la lòt

jou a, yon gwo tit: “Li te manje yon abriko.” San sans. Èske sa t ap—èske sa t ap sedui li? [Kongregasyon an di: “Non.”—Editè a.] Sètènman pa. Ou wè? Yo jis . . . Se sa—se sa Kayen te panse, nou konnen, e li te pote menm bagay la la a, men Bondye pat resevwa sakrifis li a. Epi Abèl, ki jis, sa te revele ba li: “Se te san,” e li te pote san an.

O Bondye, legliz sa ak laj ke n ap viv ladann lan!

²⁹⁷ “Liv ki ekri anndan an” fini nèt lè zanj sa a sispann, (kounye a konprann sa byen souple), lè Mesaj setyèm zanj lan fini nèt; mistè Divinite a, mistè semans sèpan an, tout lòt mistè tout bagay sa yo.

²⁹⁸ Filyasyon Etènèl la, jan y ap pale de sa. Kijan Li ka yon Pitit Etènèl, lè Letènite pa janm kòmanse oswa pa janm fini; epi yon pitit gason se yon bagay ki anjandre? Kijan sa ka fè sans?

²⁹⁹ Kijan ka gen yon lanfè Etènèl, alòske lanfè te kreye? Mwen kwè nan yon lanfè k ap boule. Sètènman, Bib la te di sa. Men, se pou detwi. Bib la di: “Benediksyon pou sila ki pa gen pati nan dezyèm lanmò a.” Ou wè? Ou wè, ou p ap detwi pa dezyèm lanmò a. Premye a se yon fizik. Dezyèm lan se yon lanmò espiritiyèl, lè tout bagay fini. “Nanm ki peche a, se nanm sa ki va mouri.” Ou va pini pou peche w yo, petèt atravè plizyè santèn lane, plizyè milye lane. Men pa ka gen yon lanfè Etènèl, paske Bib la di ke lanfè te kreye. Kijan li ka kreye epi pou l Etènèl? Si jamè te genyen. . . . Bib la di: “Yo te kreye Lanfè pou dyab la ak zanj li yo.” Epi, si yo te kreye l, li pa ka Etènèl. Paske, Etènèl, nenpòt bagay ki Etènèl, pat janm te gen yon kòmansman ni yon fen.

³⁰⁰ Se konsa nou pa janm ka mouri, paske nou te toujou la. Nou se yon pati nan Bondye, desandan Bondye, e Li se sèl bagay Etènèl ki genyen. Amèn. Ou pa ka mouri plis ke Bondye ka mouri, paske ou Etènèl, avèk Li. Amèn! Se pou sa rive! Alelouya! Nou on jan fatige ak vye kay lapès sa, kanmenm.

³⁰¹ Remake, “Liv ki ekri a,” lè zanj sa a fini ak tout ministè sa yo ki rete san rezoud pandan batay la yo te mennen an, ke Luther te mennen an, epi ke Wesley te mennen an, epi ke Pannkotis yo te mennen an. “Men gen yon moun k ap vini,” Bib la di, “ke, nan jou l ap sonnen twonpèt li a, l ap revele tout mistè sa yo. . . .” Initaryen yo te pati avèk non Jezi; Trinitaryen yo te pati avèk Papa, Pitit ak Sentespri. jis tankou yo te fè nan Konsil Nise a, menm bagay la; yo toulède te antò. Men, kounye a, nan mitan wout la, nan Lèzekriti, Verite a twouve L la. Nou wè kote nou ye? Zanj Seyè a!

³⁰² Remake Apokalips 5:1. Koute sa kounye a:

Epi mwen te wè nan men dwat moun ki te chita sou twòn nan yon liv ekri anndan (ekriti a te anndan) ak sou deyò, li te sele ak sèt so.

303 Kounye a, gen ekriti sou anndan Liv la. Men, deyò, sou do Li, te gen Sèt So ki pa t ekri nan Liv la. Bon, sa se revelatè a k ap pale, Jan. Kounye a, sonje, Li pa t ekri nan Liv la. “E nan jou vwa setyèm zanj lan, tout mistè sa ki ekri anndan an ta dwe fini.” Sa ta dwe rezoud, nan jou sa. Kounye a èske nou wè sa m vle di? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Èske n ap swiv mwen? [“Amèn.”] Alò se tan an pou sèt vwa yo nan Apokalips 10 la revele. Lè Liv la fini, gen yon sèl bagay ki rete, e se sèt vwa misterye tonè yo ki te ekri sou do Liv la, ke yo te entèdi Jan pou l ekri. Kite m li l.

Epi mwen te wè yon zanj, yon zanj pwisan, desann soti nan syèl la, vlope nan yon nyaj: epi yon lakansyèl te sou tèt li, figi l te tankou . . . solèy la, epi pye l te tankou poto dife:

Li te kenbe yon ti liv louvri nan men li. . . (Ou wè, kounye a gade sa.) . . . Li mete pye dwat li sou lanmè a, . . . gòch li . . . sou tè a,

Epi li te rele ak yon vwa byen fò tankou yon lyon k ap gwonde: e lè li . . . te rele, sèt tonè yo te fè tande vwa yo. (Gade.)

Epi fini sèt tonè yo te fin fè tande vwa yo, mwen tapral ekri: . . .

304 Te gen yon bagay ki te di. Se pa t jis yon bri. Yon bagay te di. Li te sou pwèn pou l ekri.

. . . epi m te tande yon vwa nan syèl la ki di m konsa: . . .

305 Gade kote vwa yo te ye, Tonè yo. Pa nan Syèl la; sou latè! Tonè yo pat janm fè tande vwa yo nan syèl la. Yo te fè yo tande yo sou tè a.

. . . e mwen tapral ekri sa yo te di a, lè m te tande yon vwa nan syèl la ki di m konsa: Sele (S majiskil-e-l-e), Sele sa sèt tonè yo sot di a, epi pa ekri li.

306 Se sou do a, lè yon Liv fini nèt. Li pat di: “Sou devan an.” Li di: “Sou do a,” apre Li fin fèt, fini nèt. Alò, vwa Sèt Tonè sa yo se sèl bagay, ki kole ak Liv la, ki pa revele. Li pa menm ekri nan Liv la.

307 O la la! M swete m te ka fè ke, ke moun yo te ka an reyalite . . . Pa manke sa. Pa, pa manke sa. Tanpri pa fè sa, fwa sa a. M ap pare pou m kite nou. Pa manke sa. Si nou te janm koute yon fwa, koute!

308 So sa yo sou do Liv la. “E nan moman setyèm zanj lan ap sonnen twonpèt li, tout mistè ki ekri nan Liv la fini nèt.” Epi imedyatman Liv la, ki te louvri epi ki te ekri anndan an, fèmen: “Mistè Bondye yo fini.” E sa se mistè Bondye yo: depa Legliz la, ak tout lòt bagay sa yo. “Mistè yo fini.” Lè setyèm zanj sa a

pwoklame chak mistè, se fini. Nenpòt moun li ye a, kèlkeswa sa l ka ye a. Pawòl Bondye a pa ka fayi. Epi Li di:

Men nan jou vwa setyèm zanj lan, lè l kòmanse sonnen twonpèt la, mistè Bondye a ap akonpli, jan li te deklare l bay sèvitè l yo pwofèt yo.

³⁰⁹ Tout bagay sa yo, tankou, o, Wòm ki se pwostitiye a—a, ak tout legliz Pwotestan yo, denominasyon ki fòme denominasyon nan swiv modèl li, te vin pwostitiye li yo. Ou wè? Tout mistè sa yo, ke pwofèt yo te pale a, pral revele isi a menm nan dènye lè sa a.

³¹⁰ E lè setyèm zanj sa a leve nan aj Lawodise a epi li kòmanse sonnen vrè Twonpèt la, paske L ap kontrè, yo p ap kwè L. Se sèten yo p ap kwè Li. Men, se pral yon pwofèt enspire, paske pa gen okenn fason pou konprann Li.

³¹¹ Mesye yo eseye konprann trinite a, epi yo vin gen cheve gri epi yo vin fou. Pèsonn pa ka konprann li. Yo toujou kwè Èv te manje yon pòm, ak tout bagay sa yo. Paske, se tradisyon ke lèzòm kenbe, jis tankou Jezi te jwenn legliz la.

³¹² Men li pral dwe yon pwofèt ki kondwi Divinman, pou Pawòl Bondye a vin jwenn li, ak vrè entèpretasyon revelasyon Jezikri a. Kifè, alò, li—li dwe konsa. Ke Bondye ede nou!

³¹³ Kounye a, “Lè l ap sonnen twonpèt la,” la a, se ENSI DI SEYÈ A. Nou konprann sa klè. Lè li fè tande Mesaj li a, ke li deklare lagè; tankou Pòl te fè pou Otodòks yo, tankou rès lòt yo te fè, tankou Luther, Wesley, kont òganizasyon yo. Lè li deklare lagè, epi li di yo: “Y ap bay manti, e se pa Laverite! E y ap twonpe lèzòm!” Lè l sonnen Sa, ou pa ka fayi. Li p ap fayi, paske li pral konfime pa Pawòl Bondye a. N ap konnen egzakteman kisa Li ye. E lè l fè sa, li sonnen, se pou rele moun yo soti nan Babilòn, “Soti nan mitan li, pèp mwen an, pou nou pa patisipe nan peche l yo.” Bondye, voye l! Pa rate sa.

³¹⁴ Bon, “Lè li kòmanse sonnen twonpèt la, mistè a pral fini.” Kounye a, remake, alò li lè pou vwa Sèt So yo, nan Apokalips 10, revele. Èske nou konprann? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Lè tout mistè Liv la fini nèt! Epi Bib la di, isi a, ke li ta pral fini ak mistè yo.

³¹⁵ Alòske, dèzòm anvan nan lòt aj yo te goumen pou Laverite. Yo te goumen pou jistifikasyon. Yo te kontinye pandan yon sèten tan. Sanktifikasyon! Yo te goumen pou *sesi*, e yo te goumen pou *sela*. Yo te goumen pou *sesi*. Kisa yo te fè? Yo te fè demi tou epi yo te òganize ladan l, menm bagay. Pannkotis yo, ak Batis yo, Presbiteryen yo, Literyen yo, chak moun, te fè menm bagay la, yo te fè demi tou epi yo te fè menm bagay la.

³¹⁶ E Bib la di, nan Apokalips 17, se sa yo t ap fè, vye manman pwostitiye ak pitit fi l yo, “MISTÈ, BABILÒN.” Bib la di, isi a, ke sa t ap youn nan mistè yo ki t ap devwale. Pwotestan yo, pwostitiye yo, “k ap komèt fònikasyon espiritiyèl,” k ap kondwi

moun yo pa denominasyon, ak “koup inikite yo,” doktrin lòm fè; epi elwaye yo lwen fontèn ki ranpli ak San an, kote Pwisans Bondye Toupwisan an ap koule lib pou manifeste Jezikri. Se vre. Alò, Bondye va apiye L, e Li fè l, e Li va kontinye. Men, lè sa rive, Pawòl la pral akonpli.

³¹⁷ Kounye a gen yon sèl bagay ki rete, se Sèt Tonè yo, ke nou pa konnen. Epi gwo bri tonè sa a pa t ap pou gremesi.

³¹⁸ Bondye pa fè anyen jis pou jwe. Nou jwe epi n aji ann enbesil, men pa Bondye. Tout bagay ak Bondye se “Wi” ak “Non.” Li pa jis betize. Li pa ranse. Li vle di sa Li di a. E Li pa di anyen amwenske gen yon bagay, yon sans pou li.

³¹⁹ Epi Sèt Tonè ki la yo, drèt nan revelasyon Jezikri a, yo se yon mistè. Èske Bib la pa di ke Sa se “Revelasyon Jezikri”? Enben, gen yon mistè kache, alò, nan Li. Hum! Kisa Li ye? Sèt Tonè yo posede Sa. Paske, Jan te jis sou pwen pou l ekri, e yon Vwa te desann sot nan Syèl, te di: “Pa ekri Li. Men, sele Li. Sele L. Mete L sou do Liv la.” Li dwe revele. Sa yo se mistè yo.

³²⁰ Bon, nou te rezoud bagay sa yo, pa Sentespri a, ki te di nou: “Se pa t pòm. Se te seksyèl.” Li te di nou bagay sa yo. Pa gen pèsonn ki kapab kanpe devan L. Mwen pa t janm wè yon predikatè, nan vi m, ki te dakò avèk Li. Men, mwen te mande yo.

³²¹ Nou konnen, nan Chicago, lè nou te kanpe devan yo, apeprè twasan senkant predikatè, nou menm fanm isi a ki sot Chicago, nou te la, nou te tandè pale de sa.

³²² Epi Seyè a te di m, twa nwit anvan, Li te di: “Yo pral mete yon pèlen pou ou.” Li di: “Kanpe bò fenèt la isi a epi M ap montre w.” Li di: “Mesye Carlson ak—ak Tommy Hicks ap rankontre w demen maten, yo vle al manje dejene. Epi ou va di Tommy pou l rete. Men,” Li di, “men kijan sa pral ye. Di yo ke yo pa pral gen reyinyon sa kote y ap panse a. Yo pral yon lòt kote.” Li di: “Piga w pè. M ap avè w.” Sa bon ase pou mwen.

³²³ Nan demen maten, Mesye Carlson, prezidan Biznismenn Plen Levanjil la, te vini, te di . . . te rele m, li di: “Frè Branham, mwen vle al manje dejene avèk ou.”

³²⁴ Mwen di: “Dakò.” (Mwen di: “Gade Tommy Hicks k ap la, tou.”)

³²⁵ Nou te ale nan Town And Country, epi li di: “Ebyen, Frè Branham,” li di, “o, sa se yon . . .”

Mwen di: “Tommy, ou ta vle fè m yon favè?”

“Sèten, Frè Branham.”

Mwen di: “M mande m si w ta pale pou mwen?”

Li di: “O, mwen—mwen pa t ap ka fè sa.”

³²⁶ Mwen di: “Poukisa? Mwen se jis yon elèv setyèm ane, e mwen—mwen pral di . . . Mwen ta di *anpi* olye de *abit*. Ou wè? Mwen pa konn kijan pou m pale devan la. E pral gen Asosyasyon

Minis nan Gran Chicago a. Kòman mwen pral pale devan yo, ak edikasyon setyèm ane m lan, Tommy? Ou se yon Doktè an Divinite.” Mwen di: “Ou t ap konn kijan pou pale. Mwen pa kapab.”

Li di: “Frè Branham, m pa t ap ka fè sa.”

327 Mwen di: “Poukisa? Mwen te fè w anpil favè.” E mwen jis di l yon fason dirèk.

328 Epi Frè Carlson di: “O, Frè Branham, li pa t ap ka fè sa.”

Mwen di: “Poukisa?”

Li di: “Ebyen, limenm, la—la—la—la . . .”

329 Mwen di: “Nou konn poukisa? Nou konn poukisa, men nou pa vle di m. Yo mete yon pyèj pou mwen.”

330 Epi m di: “Frè Carlson, ou gen sal otèl sa, pa vre, kote nou te fè lòt bankè a?”

“Wi.”

Mwen di: “Ou p ap jwenn li.”

331 Li di: “Ebyen, Frè Branham, mwen deja gen depo sou li.”

332 Mwen di: “M pa bezwen konnen sa w genyen an. Li pa pral fèt la. Sa se yon sal ki gen koulè vèt. Nou pral nan yon sal koulè mawon. Mwen pral twouve m dèyè nan kwen an. Doktè Mead pral chita sou bò dwat la. Mesye nwa sa ak madanm li pral chita *isi a*, epi *entèl entèl*. Pral gen yon prèt Bouda ki chita sou ekstrèm dwat mwen,” epi kijan yo pral abiye.

333 Epi m te di: “Ou konn sa l ye, Tommy. Ou se . . . Asosyasyon Minis Gran Chicago a pral ban m defi sou ‘batèm nan Non Jezikri a.’ Asosyasyon Minis Gran Chicago a pral ban m defi sou ‘prèv Sentespri a,’ pale an lang. Yo pral ban m defi konsènan ‘semans sèpan an,’ ak sou predikasyon ‘lagras.’”

334 Tommy te gade m, epi: “Mizerikòd! Bonte!” Li di: “M pa panse m prale menm.”

Mwen di: “Wi, se pou w vini.”

335 Epi nan demen, nonm ki te pran depo a, te remèt li depo a, epi li di: “Nou gen yon òkès. Nou te genyen l ki rezève, e nou te bliye li e nou te pèdi bagay sa a. E nou te dwe bay yon òkès li, e ou pa ka genyen l.” Epi nou te soti pou al nan Town And Country.

336 M te antre, jou maten sa a, e men yo tout te kanpe la. Lè m te chita dèyè biwo a laba, epi m t ap tann, apre yo te fin manje dejene yo, m te vire je m gade yo *konsa*. Nou te pran dejene nou nan yon sal. Nou te soti, nou te chita la, e te gen Asosyasyon Minis Gran Chicago a. M te vire je m gade yo. Yo chak te prezante tèt yo kòm Doktè an filozofi, an dwa, Q.U.S.T., ak tout kalite bagay sa yo konsa. Mwen jis chita epi m koute yo, jouk yo fini. Epi Frè—Frè Carlson te leve kanpe. Li di: “Mesye . . .”

337 E nou tout konnen Hank Carlson. E, la, nou mèt mande l. Ebyen, nou genyen l sou bann isi a menm. Si nou vle achte bann lan, li isit la. Ti mesye yo genyen li.

338 Li di: “Mesye,” li di, “mwen prezante nou, apre sa, Frè Branham.” Li di: “Nou tout ka pa dakò avè l, sou Doktrin li, men kite m di nou yon bagay. Twa jou de sa, nou te chita yon kote, e si nonm sa pat di m tout sa ki t ap rive maten an, mwen pa kanpe isi a. Li te di m ke nou tout t ap pare pou poze l kesyon sou Doktrin li a. E li te di m ke m t ap dwe anile lòt kote sa, epi pou n isi a. Li te di m egzakteman ki kote Doktè Mead ak moun sa yo t ap chita, jis egzakteman, e men yo.” Li di: “Nou ka pa dakò avè l, men, m ap di yon sèl bagay: li san perèz ak sa l panse a.”

Li di: “Kounye a, Frè Branham, ou gen lapawòl.”

339 Mwen di: “Anvan nou kòmanse. . .” Mwen te li sa m te li maten an, “Mwen pat dezobeyi a vizyon Selès la.” Mwen di: “Kounye a annou regle sa. Kounye a, nou tout di nou se Doktè an Divinite; e mwen kanpe isi a pou kont mwen.” Mwen di: “Si se sa, nou vle poze m kesyon, sou batèm nan Non Jezi. Nou pral kòmanse ak sa an premye. Mwen vle youn nan nou mesye pote Bib nou epi kanpe isi a bò kote m, sou nenpòt bagay ke m te anseye.” Mwen di: “Kanpe isi a bò kote m, epi, ak Pawòl Bondye a, demanti Li.” Mwen te tann. Pèsonn pa t di anyen. Mwen di: “M ap mande kèk nan nou mesye yo pou vin kanpe bò kote m.” Mwen te di: “Ki pwoblèm nou genyen? Kidonk, sispann deranje m si nou pè kanpe isit la, bò kote m.

340 Se pa mwen yo pè a; se Zanj Bondye Toupwisan an. Ke, yo konnen, si L te ka di m davans pou m vini. . . Yo menm pi entèlijan pase m tepanse yo te ye a. Yo te konnen pi byen pase pou yo kanpe la. En-en. Ou konnen, ou te deja nan moman sa yo, nan moman sa yo, tou. Men yo pat fè l. Kisa k pwoblèm lan, si li tèlman gran, e yo konnen li tèlman vre?

341 Mwen mete l sou bann, e nenpòt lòt kote; mwen prè pou m pale sou sa, nan yon fason Kreyen, ak nenpòt frè. Mwen p ap diskite ak pèsonn; men mwen vle nou vini, demanti nenpòt nan Li, pa Pawòl la. Pa dapre liv manyèl nou, kounye a; pa sa Doktè *Entèl*, oswa Sen *Entèl* te di. Mwen vle konnen kisa Bondye te di. Sa se baz la. Mwen vle konnen kisa Sa ye. Yo pa fè sa.

342 Kounye a, gade, lè li tan pou sèt vwa yo. Alò li lè pou sèt vwa yo, lè Liv la fini nèt, nan Apokalips 10 ki pral revele. Kounye a remake. Koute.

343 Kounye a, mwen p ap kenbe nou twò lontan. Mwen konnen m ap fatige nou, isi a. Li dizè mwen ven. [Kongregasyon an di: “Non. Kontinye!”—Editè a.] Koute byen kounye a. Mwen konnen, nou kanpe, e nou tout ap chanje pozisyon ak bagay konsa. M ap kontan lè legliz la va ranje pou nou pa bezwen ret sere. Nou ka pran tout jounen an pou preche Sa.

344 Kounye a remake. Kounye a note. Sèt vwa yo se te tonè, eksplozyon.

Bondye, ede nou. Si m gen tò, Seyè, padonnen m.

345 M ap poze nou kesyon an. Li te gen kout tonè, lè vwa sa te retanti. Èske nou te remake, ke, lè Sèt So yo ki swiv sèt aj legliz yo, lè Premye So a te louvri, ke te gen yon tonè? Lè Premye So yo nan Liv la te louvri, te gen yon tonè; èske Premye So deyò Liv la pa ta dwe louvri menm fason an? Bondye pa chanje pwogram Li. Ann vire nan Apokalips 6.

E m te wè lè Ayo a te fin louvri youn nan so yo, e m te tandè, se te tankou bri yon tonè, epi youn nan kat èt vivan yo te di: Vini wè.

346 Bon, pat janm gen yon lòt tonè. “Epi lè dènye So a te louvri, te gen silans nan Syèl la pandan yon demi èdtan.” Men, lè Premye So a te louvri, te gen yon kout tonè.

347 O, legliz, èske se ta ka sa? Èske nou lwen konsa? Zanmi m yo, panse. Petèt. Mwen espere se pa sa. Men e si se sa l ye? Kisa eksplozyon sa te ye? E devan Bondye, ak Bib louvri sa a, mwen pa bay manti. Yon eksplozyon, sa te souke tè a!

348 E lè Premye So a, sou sèt ki te louvri nan Bib la, li te louvri, jis Youn, men yon eksplozyon ki te souke tout bagay la; yon tonè. Epi si So yo ki sou do a ta louvri, èske pa t ap gen yon tonè, tou? Mwen pa konnen. Mwen pa ka di.

349 Te gen yon tonè, Premye So a, e So a se te yon tonè. Twonpèt la te louvri nan moman sa. E yo te sonnen Twonpèt la nan Lapannkot, natirèlman. M p ap antre nan sa.

350 Kounye a, si vizyon an te selon Lekriti; vizyon m ap pale a, ke m te wè Samdi pase nan maten. Sa fè yon semèn de sa, kounye a. Si, kounye a sonje la a, si vizyon an te selon Lekriti, li dwe entèprete pa Lekriti, oswa yon kontinyasyon menm Ekriti a. [Frè Branham fè yon poz—Editè a.] Mwen te jis tann, pou sa antre anndan. Si . . .

351 Sa ke m te wè a, kisa l te ye a, mwen pa konnen, men m pè amò. Èske pa gen anyen ki rete? Èske nou nan fen an? Sonje, Zanj sa te di, lè sa te rive, Li te fè sèman: “Pa t ap gen tan ankò.” Mwen mande m si nou reyèlman konprann sa a.

352 Ou di: “Ebyen, sanble Li t ap eksploze atra- . . .” Frè, Li vini nan yon minit lè w pa panse. Ou va tandè L pou dènye fwa.

353 Kounye a èske Sa klè? Lè Premye So a te louvri, So yo ki te anndan Liv la, mistè sa yo ki te sonnen yo: jistifikasyon, sanktifikasyon, legliz Katolik Women, Pwotestan yo! E lè tout ti batay yo ak bagay sa yo te kite pwen sa yo san rezoud nan Pawòl Bondye a, setyèm zanj lan vini epi rasanble yo tout epi eksplike yo. Ou wè? Epi, lè li fini, Sèt tonè gwonde.

354 Lè Jan te kòmanse ekri, li di: “Pa ekri Li. Men, sele Li.”

355 “Epi Premye So a te louvri,” nan So yo sou anndan Liv la, Li te louvri ak yon tonè. Hm!

356 Si sa se Lekriti, li kapab sèlman . . . Si nenpòt Lekriti se . . . Nenpòt bagay ki sipoze soti nan Bib la . . .

357 Se jis tankou, ou pa ka di m gen yon bagay konsa tankou yon “pigatwa” ak bagay konsa. Pa gen okenn Ekriti nan Bib la pou apiye sa. Ou pa ka di m bagay sa yo, tankou liv Makabe yo, ke yo ta ka kòrèk . . . “Epi katriyèm Liv Danyèl sa, kote yon Zanj te pran l nan cheve nan tèt li, epi te di . . . depoze l atè.” Pa gen okenn bagay konsa ki te janm rive nan Bib la, kote, “Jezi de Nazarèt te fè yon ti zwazo an ajil, epi li te mete pat sou li, epi te di: ‘Fyou! Vole ale, ti zwazo,’” sa san sans. Pa gen anyen nan Bib la pou apiye sa. Alò sa pa twonpe . . . Tradiktè yo—yo, Bondye te veye pou tradiktè yo pa menm ajoute dòg ak istwa san sans sa yo. Petèt se te bon moun, frè Makabe yo. Se sa yo te ye. Mwen pa di yo pat bon moun. Men sa pat selon Lekriti.

358 Sa se revelasyon konplè Jezikri a. “Pa gen anyen ki ka ajoute sou Li oswa retire nan Li.” E si nou mete sa Ladann, li pa akòde ak rès Lekriti a. Gen swasant sis Liv nan Bib sa, e pa gen yon sèl Mo ki pral kontredi Lòt la.

359 Kidonk, si sa a se yon kontinyasyon, pou dènye twonpèt sa yo ki pral sonnen an, oswa dènye Sèt Tonè sa yo k ap vini an, mistè yo, dènye So yo, Sa dwe fè konkirans, oswa konkòde, avèk rès Lekriti a. E si premye Sila yo ki anndan an te louvri ak yon gwo kout tonè, se va menm bagay la, tou, pou dezyèm Sila yo, ki sou do a. Gade sa k rive. Si vizyon an se te Lekriti, alò li dwe entèprete pa Lekriti, oswa yon kontinyasyon menm Ekriti a.

360 Remake, Apokalips, 3 ak 4, “Sèt tonè.” Sèt Tonè, epi remake, 3 ak 4, epi apre (kisa?) yon sèman Zanj pwisan sa te fè, ke, “Tan an te fini.” Lè Tonè sa yo, ou wè, te fè tande vwa yo, alò Zanj lan . . .

361 Jis panse a sa! “Yon Zanj, vlope nan yon nyaj, epi yon alyans lakansyèl sou tèt Li.” Enben, nou konnen Kilès sa ye. “Li mete yon pye sou tè a, ak sou lanmè a, epi leve men L anlè epi sèman, ke, ‘Lè Sèt Tonè yo ta fè tande vwa yo,’ ke, ‘pa t ap gen tan ankò.’”

362 E si ministè mistè Bondye yo fini, e si sa se sèt mistè sa yo k ap vini? Epi yon ti legliz enb tankou pa nou an, ke Toupwisan an vini epi konsidere kondisyon ba pèp Li a! Ou di: “Kisa? Mwen pa panse sa.” Li ta ka pa sa. Men e si se sa l ye? Alò tan an fini. Èske nou te panse sa? Se pou nou serye. Li ka pi ta ke nou panse.

363 Zetwal sa yo ki fòme konstelasyon yo laba! Zanj sa a ki vini, epi di: “Menm jan yo te voye Jan pou fini Ansyen Testaman an e pou fè prezantasyon Kris la, yon Mesaj pral fini ak pwèn ki poko rezoud yo epi prezante Mesi a. jis anvan Vini Li, Mesaj dènye jou yo.”

364 Remake, Zanj pwisan an te sèman, ke, “Pa t ap gen tan ankò.”

365 Kounye a, mwen pa vle kenbe nou twò lontan. Jis panse a sa, yon minit kounye a.

366 Kounye a koute. Zanj sa a te desann sot nan Syèl. Ou wè? Lòt la, sèt zanj nan sèt legliz yo, se te mesaje terès. Men Zanj sa . . . Tout Mesaj la fini; setyèm zanj lan fini tout bagay la. E Zanj sa pa vin sou tè a; Li pa yon nonm ki soti sou tè a, menm jan ak mesaje pou aj legliz yo; sa fini. Men, Zanj sa pote pwochen anons lan. E yon *zanj* vle di yon “mesaje.” E Li desann sot nan Syèl, vlope ak Kolòn Limyè sa, yon Nyaj, ak yon lakansyèl sou tèt Li. E yon lakansyèl se yon alyans. Se te Kris, “Avèk yon pye sou tè a, epi youn sou lanmè a, e L te sèman, ke, ‘P ap gen tan ankò.’”

Kote nou ye, mesye? Kisa tout bagay sa a vle di? M ap mande nou.

367 Lòt zanj yo te mesaje, dèzòm sou tè a. Men Zanj sa . . . Sa yo, ki te di: “Pou zanj legliz Lawodise a,” “Pou zanj legliz Efèz la,” mesaje latè yo; ou wè, mesye, mesaje, pwofèt, e latriye, pou legliz la.

368 Men, Sila a pat soti sou tè a. Li te desann sot nan Syèl, paske tout mistè a fini. E lè mistè a fini, Zanj lan di: “P ap gen tan ankò,” epi Sèt Tonè te fè tande vwa yo.

369 E si se yon bagay pou fè nou konnen kijan pou antre nan Lafwa Anlèvman an? Èske se sa? Èske nou pral kouri, sote sou miray yo? Epi èske gen yon bagay ki pare pou l rive, e vye kò sa yo, ki gate, degoutan pral chanje? Èske m ka viv pou m wè l, O Seyè? Èske li tèlman pwòch ke m pral wè l? Èske sa se jenerasyon an? Mesye, frè m yo, ki lè li ye? Ki kote nou ye?

370 Ann gade mont lan, kalandriye a, pou wè nan ki dat n ap viv. Izrayèl nan Palestin, nan patri li. Banyè a, zetwal David sis pwent lan (de mil ane de sa, wi, prèske de mil senksan ane de sa), drapo ki pi ansyen an, ap flote. Izrayèl retounen nan patri li. “Lè pye fig lan pouse boujon li, jenerasyon sa p ap mouri, p ap pase, pase, jouk tout bagay yo fin akonpli.”

Nasyon yo ap kraze, Izrayèl ap reveye,
Siy ke pwofèt yo te predi yo;
Jou Moun lòt Nasyon yo konte, yo ranpli ak
laperèz;
“Retounen, O moun ki dispèse, bò kote pwòp
pa nou yo.”

Jou redanmsyon an pre,
Kè lèzòm ap fayi poutèt yo pè;
Se pou nou ranpli ak Lespri a, lanp nou yo byen
taye epi klè,
Gade anlè! Redanmsyon nou toupre.

Fo pwofèt yo ap bay manti, Verite Bondye a y
 ap nye,
 Jezikri se Bondye nou an;

Nou konnen Se Laverite! Wi.

Men nou va mache kote apot yo te mache.

Paske jou redanmsyon an pre,
 Kè lèzòm ap fayi poutèt yo pè;
 Se pou nou ranpli ak Lespri a, lanp nou yo byen
 taye epi klè,
 Gade anlè! Redanmsyon nou toupre.

371 Li ta ka pi pre ke nou panse li ye a. Sa fè m pè. O, mwen pa fè ase. Ki kote nou ye?

372 “P ap gen tan ankò.” Li anonse ke tan an fini. Kisa k rive? Kisa k rive? Èske sa te ka sa kounye a, frè yo? Panse seryezman. Si se sa, alò piramid la kwafe ak Sèt Tonè yo.

373 Nou sonje Mesaj piramid la? Se Pyè fetyè a. Kisa Sa te fè? Sentespri a te kouvri endividi a epi sele l, lè nou te ajoute sou lafwa nou; jistis, ak pyete, ak lafwa, e latriye, e nou te kontinye ajoute sou li jouk nou te gen sèt bagay. E setyèm lan se te lanmou, ki se Bondye. Se konsa Li fè endividi a, epi kwafe li epi sele l ak Sentespri a.

374 Alò, si se konsa, Li gen sèt aj legliz, ke Li te gen sèt mistè ke L te fè sonnen, e yo te goumen pou yo, pou mennen yo tounen. Epi kounye a Wòch prensipal la vini, pou kwafe Legliz la. Èske se sa Tonè yo vle di, frè m yo? Mesye, èske sa se kote nou ye a?

375 Junie, mwen vle pran sonj ou a. Gade. Junior, anvan menm piramid la te preche, plizyè mwa anvan l, li te wè sonj sa.

Ou di: “E yon sonj?”

376 Nebikadneza te gen yon sonj ke Danyèl entèprete, ki te anonse kòmansman aj Moun lòt Nasyon yo ak kilè li ta pral fini. E sa fèt jis egzakteman fason sa. Pa yon ti bout echwe.

377 Nou remake? Ekriti a ke . . . te sou wòch yo, m te entèprete L pou yo. Yo te kontan anpil. Sa se “mistè Bondye a” ke yo pa t konprann, pandan plizyè lane. Èske sa ta ka sa?

378 Epi remake. Nan yon fason misterye, nou te ranmase, soti anlè a, yon zouti byen file ki te louvri tèt la. Epi anndan te gen granit blan, men Li pat entèprete. Pa t gen okenn lèt. Mwen pat entèprete Sa, Junior. M te jis gade Li, epi m te di frè yo: “Gade Sa a.” E sa akonpli, aswè a.

379 E pandan yo t ap etidye Sa, mwen te glise nan direksyon lwès la. Pou kisa? Petèt pou konprann entèpretasyon sa ki ekri nan tèt Sa a. Èske li ta ka sa?

380 Epi Sa yo, eksplozyon yo, lòt jou maten an, ki te sekwe m byen fon jouk mwen te leve anlè, wo menm jan ak bilding sa a,

konstelasyon Zanj sa yo, sèt Zanj sou fòm yon piramid. Èske se Tonè sa yo k ap vini? Èske li ta ka sa?

381 Tout sa a entèprete. Dapre sonj li a, tout sa te fini. Dapre Pawòl Bondye a, setyèm mesaj la pral fini, epi Sèt Tonè yo. Epi li te wè pyè fetyè a woule sou tèt la.

382 Bon, gen anpil moun ki pa menm konnen gen Sèt So ki dwe revele. Mwen te li anpil liv ke dèzòm ekri sou Apokalips, m pa t janm tandè pale de Sa. Yo sote Sa. Men yo te di nou ke Li la.

383 M pa konn sa l ye. Èske sa ta ka sa? Ke Bondye gen mizèrikòd pou nou! Si se sa, nou nan yon lè serye. Kounye a, jis yon minit, gade. Si se konsa, epi mistè a fini, sa te ekri nan wòch sa yo.

384 Mwen kontan pou m chita nan yon legliz ak moun ki gen pyete ke Bondye ka bay yon sonj. Mwen kontan di gason ak fanm sa yo ki al nan legliz Junior la, e nan legliz sa, pa Frè Neville la, ak lòt yo, ke gen moun ki chita nan kongregasyon sa, epi Bib la di: “Yo t ap fè sonj nan dènye jou yo.” Epi men li. Epi gade li, sa konkòde ak Pawòl la.

385 San yo pa konnen anyen sou sa, yon eksplozyon te vini, e men sèt Zanj vini soti nan Letènite. Mwen di: “Seyè, kisa W ta vle m fè?” Sa pat di. Mwen ka dwe ale, an premye, pou m chèche konnen. Mwen pa konnen. Li te ka pa menm sa. Mwen pa konnen. M jis ap di: “E si se sa?” Si se selon Lekriti, sa sonnen trè pwòch avè l. Nou pa panse sa?

386 Gade. Alò, gade, pyè fetyè a pat entèprete. Ou wè? “Al nan lwès, epi retounen.” Oswa, èske se sa, se sèt Zanj sa yo nan konstelasyon sa a ki te vin jwenn mwen?

387 E lè mwen rankontre nou nan Jou rezirèksyon an, nou va wè ke m pa bay manti; Bondye, se Jij mwen.

388 Oswa, èske se dezyèm pwen kilminan sa a ke m te pale de li lòt jou a? Èske se yon bagay k ap vini pou Legliz la? Mwen pa konnen. Mwen te ka rete sou sa yon ti kras, men mwen pral kontinye.

389 Èske sa te ka sa, tonè pwisan an, oswa setyèm Zanj nan sèt yo, konstelasyon an, konstelasyon setyèm peryòd la, piramid yo a ki fèt nan yon fòm (twa sou chak kote, epi youn anlè), epi yo te vini soti nan Letènite? Èske li ta ka sa?

390 Èske sa se mistè Tonè yo, ki pral mennen Wòch prensipal la tounen? Nou konnen, piramid la pa t janm kwafe. Wòch prensipal la poko vini. Yo te rejte L. Èske se ta ka sa, frè, sè?

391 Oswa, èske se Twazyèm Pull sa ke Li te pale m lan, twa oswa kat lane de sa?

392 Premye Pull la, nou sonje sa k te rive? Mwen te eseye eksplike Li. Li di: “Pa fè sa.”

393 Dezyèm Pull la, Li di: “Pa eseye.” E m te rale, kanmenm. Nou sonje? Nou tout sonje. Li sou bann ak tout bagay.

394 Epi Li di: “Kounye a gen yon Twazyèm Pull k ap vini, men pa eseye eksplike Li.” Nou wè kijan m te apwoche Sa, aswè a? Mwen pa konnen. Men, mwen santi m gen devwa, anvè legliz mwen, pou m di yon bagay. Tire pwòp konklizyon nou.

395 Kounye a, èske sa pral mistè ki ta louvri a, ki ta mennen Kris la, pote yon Pwisans pou Legliz la? Ou wè? Nou deja . . .

396 Nou kwè nan repantans, nan batize nan Non Jezikri. Nou kwè nan resevwa Sentespri a. Nou gen siy, pwodij, mirak, pale an lang, ak bagay ke Legliz primitif la te genyen yo. E, franchman, te gen plis ki te fèt, isi a menm, pase sa ki ekri nan Liv Ak la, nan yon sèl ti gwoup moun sa a, ti bout ministè pa nou an sa a isi a. E pou lemonn antye? Ou wè? Plis pase sa ki ekri nan Liv Ak la, menm kalite! Rezirèksyon mò yo! Sonje, te gen sèlman apeprè twa moun ki te resisite, pami mò yo, pa Jezikri. E nou gen nan dosye, dosye doktè yo, senk. Ou wè?

397 “Zè ke M fè yo, nou va fè plis pase sa.” Mwen konnen Wa Jak di “pi gran,” men nou pa t ap ka fè anyen ki pi gran. Plis pase sa! Li te nan yon sèl Moun lè sa a; Li nan tout Legliz la kounye a. Ou wè? “Nou va fè pi plis pase sa, paske M pral jwenn Papa M.”

398 Si sa se Twazyèm Pull la, alò gen yon gwo ministè ki pou vini. Mwen pa konnen. Mwen pa ka di. Mwen—mwen pa konnen.

399 Gade. Twazyèm Pull la, ann rete sou sa, yon minit. Nan vizyon an, premye vòl la se te ti zwazo mesaje; se te lè nou te fèk kòmanse. Li te grandi, depi se te jis pran men yon moun.

400 E nou sonje sa Li te di m? “Si w sensè, sa pral rive ke w konnen menm sekrè kè yo.” Konbyen moun ki sonje sa te anonse depi isi a, epi atravè peyi yo? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] E èske sa te rive? [“Amèn.”] Egzakteman. Epi li di: “Pa pè. M ap avè w.” Ou wè? E sa va kontinye.

401 Kounye a, Premye Pull la se te ti zwazo, toupiti; vòl sa yo. Yo te ale rankontre tan an, rankontre Vini Seyè a; premye Mesaj la.

402 Dezyèm fwa a, sekrè kè yo. Dabò se te pran men yon moun, epi jis kanpe la epi di l kisa yo te genyen; pwochen fwa a, sa te revele peche yo epi te di yo kisa pou yo fè. Epi ma- . . . Èske se vre? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Alò, sa te rive, pafètman, jis jan Bondye te di l la. E nou se temwen, e mond lan tou, legliz la tou.

403 Lè m te di: “M te wè yon Zanj, e Se te yon Dife koulè emwòd, ki t ap boule,” moun yo te ri epi yo di: “Billy, reprann tèt ou.” Je majik syantifik kamera a te pran Li. Mwen pa t ap bay manti. Mwen t ap di Laverite: Bondye konfime l.

404 M te di: “Gen tenèb ki kouvri; se lanmò, se nwa. E Sa a blan. Youn se Lavi, lòt la se lanmò.” Epi men Li, sou foto a dèyè la. Nan . . .

405 Jan George J. Lacy te di: “Je mekanik kamera sa p ap pran sikoloji.” Èske n ap swiv mwen? [Kongregasyon yo di: “Amèn.”—Editè a.]

406 Remake, premye ti vòl la; men. Dezyèm lan te pi gran, pi blan, kolonm; Sentespri a k ap revele sekrè kè yo. E twazyèm vòl la se te Zanj (pa zwazo), Zanj; e sa se fen tan an, tout bagay la. Èske se pral lè a sa, frè? Èske se tan an sa?

407 Kounye a koute vrèman byen, epi pa mal entèprete sa. Mwen vle mande nou yon bagay.

408 Ann retounen jis yon minit. Legliz la konnen se laverite. Mond syantifik la konnen se laverite. Epi moun chita isi a, aswè a, e gen anpil k ap viv toujou, ki te kanpe la a bò rivyè a lè Vwa sa te pale sa, epi te di: “Menm jan yo te voye Jan avèk yon mesaj pou premye vini an, se konsa sa se dezyèm Mesaj la, pou dezyèm Vini an.” Nou sonje? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

409 E si Sa fini, kisa Jan te fè? Jan se te sila ki te di: “Gade, men Ayo Bondye a ki retire peche mond lan. Se Li sa.” Èske lè a, èske li rive, frè m yo? Mwen pa di se sa. Mwen pa konnen. Men, m ap mande nou. Mwen vle nou reflechi. Oswa, èske sa pral tan an kote sa pral ankò: “Men Ayo Bondye a”?

410 Oswa, tan Malachi 4 la: “Pou fè kè timoun yo retounen nan Lafwa papa nou yo”? Èske se pral yon eksplozyon konsa ki pral—ki pral fè dè bagay tèlman pwisan, jouk li va plase Legliz la, ki t ap trennen pye epi ki pa ka konprann mistè Bondye yo, e latriye? Lè yo va wè souf eksplozyon pwisan sa a, èske l ap fè kè yo retounen al jwenn Papa yo, jan Bib la te di sa t ap fèt la? Oswa, èske se te Mesaj sa a, ki deja pase a, ki ta dwe fè l? Mwen pa konnen.

411 Sa se siy tan lafen an, mesye. Oswa, èske se siy ki montre ke li fini? Sa sanble Li selon Lekriti anpil, pou mwen. Mwen pa konnen. Te gen Zanj sa yo. Te gen yon eksplozyon, tankou yon tonè, ki te souke tout tè a. Bondye konnen mwen di laverite.

412 Jis sonje, yon bagay ap pare pou rive. M pa konn sa l ye. Men èske li ta ka sa a? Rezon ki fè mwen di sa, prepare tèt nou! Annou priye, (priye kijan?) pran pozisyon nou nan lame kwayan Li yo, epi prepare tèt nou, paske li ka pi ta ke nou panse.

413 Nou konnen mwen, epi dapre sa m konnen, mwen poko janm di nou manti. Epi kòm Samyèl te di yo: “Èske m te janm di nou yon bagay, nan Non Seyè a, ki pat rive?” Kounye a, m ap di nou kounye a. M pa konn kisa sa ye. Mwen pa ka di kisa sa ye. Mwen pa konnen. Men, m pral di nou Laverite. Mwen pè. Antan ke frè nou, mwen te pè depi samdi pase.

414 Li ka tan lafen an. Li ka tan pou lakansyèl yo baleye syèl la, epi yon anons soti nan syèl la, k ap di: “Pa gen tan ankò.” Si se sa, ann prepare tèt nou, zanmi, pou rankontre Bondye nou an. Gen anpil Manje ki te mete an rezèv kounye a. Ann sèvi avè L. Ann

sèvi avè L kounye a. Epi kanta pou mwen, depi sou estrad sa a, m ap rele Bondye: “Seyè Jezi, gen pitye pou mwen!” Mwen te eseye viv pi byen ke m te kapab. Mwen te eseye pote Mesaj yo meye fason ke m te kapab, apati de Pawòl Bondye a. Bondye konnen kè m.

415 Men, lè konstelasyon Zanj sa yo te baleye plas sa, mwen te paralize. Mwen pa t ka menm gen sansasyon, pandan lontan. Menm lontan apre sa, lè m t ap eseye mache travèse chanm nan, mwen te santi kòm si kolòn vètebral mwen, epi monte desann zòn nan kou mwen te konplètman paralize, tankou, pa gen okenn sansasyon. Mwen pa t gen okenn sansasyon nan men m yo. Mwen te santi etoudisman, tout jounen an. Mwen—mwen te jis ale nan chanm lan epi m te chita.

416 Dimanch, mwen desann isi a pou m pale, e mwen—mwen te eseye souke tèt mwen sot nan sa, nan pale. Lendi, li te la ankò. E li la kounye a.

417 E mwen pa konnen. Mwen pa konnen, mesye. Mwen sèlman onèt, avè nou, antan ke frè m yo. Mwen pa konnen. Èske se—èske se lè a? Èske minis- . . . mistè a fini nèt? Èske twonpèt la fin sonnen nèt? Èske se vrèman Sèt Tonè sa yo, ki pare pou pwononse yon bagay, pou ke ti gwoup la ki rasanble ansanm lan va resevwa Lafwa pou Anlèvman an, pou ale nan Anlèvman an lè Li vini? “Paske nou pral chanje,” osi vit ke Zanj sa yo vini, “nan yon moman, nan yon bat je; epi n va anlye ansanm ak sa yo ki te dòmi yo, pou rankontre Seyè a anlè a.”

Priyè m se:

418 Bondye, si sa konsa, mwen pa konnen, Seyè. Mwen te jis ap di legliz la. Si se konsa, Seyè, prepare kè nou. Fè nou pare, Seyè, pou gran lè sa, ke tout listwa tan an, tout pwofèt yo ak saj yo te tann tan sa a. Seyè, m pa konn kisa pou m di. M t ap pè di: “Pa vini, Seyè.” Mwen santi m wont tèt mwen, lè m gade epi wè mond lan nan kondisyon l ye a, mwen pa t fè plis pase sa m te fè pou sa. Mwen wont tèt mwen. Si gen yon demen, Seyè, wenn kè mwen. Wenn mwen yon fason pi gran, Papa, pou ke m ka fè tout sa m kapab, pou mennen lòt vin jwenn Ou. Se pou Ou mwen ye.

419 Mwen santi mwen tankou Ezayi, nan tanp lan jou sa, lè li te wè Zanj yo t ap vole ale vini, ak zèl sou figi Yo, epi sou pye Yo, epi k ap sèvi ak lòt zèl pou vole: “Sen, sen, sen!” Ô, ala jenn pwofèt sa te sekwe. Li te kòmanse vyeyi yon ti kras. E lè l te wè sa, menmsi l te wè vizyon, li te rele byen fò: “Malè pou mwen!”

420 Papa, petèt mwen te santi m on jan konsa, lè m te wè Zanj sa yo lòt jou swa a, oswa lòt jou maten an, pito. Malè pou mwen, paske mwen se yon nonm ki gen bouch ki pa pwòp, e mwen abite pami moun ki pa pwòp. E, Papa, netwaye m.

421 Epi men mwen. Voye m, Seyè, kèlkeswa sa l ye a. E mwen kanpe sou chè sa kote m te ye pandan trant an. Si gen yon bagay,

Seyè, Ou vle m fè, men mwen. Mwen pare, Seyè. Men, ke mwen jwenn gras nan je Ou. Avèk imilite, mwen priye.

⁴²² Mwen priye pou ti twoupo ke Sentespri a fè m siveyan sou li a, pou nouru yo. E m te fè tout sa m konnen kijan pou fè, Seyè, pou nouru yo ak Pen Lavi a. Jan sa te endike nan vizyon sa a, sa gen plizyè lane, ki te montre gwo rido sa a nan Lwès la ak yon mòn Pen Lavi a; ti liv ki gen tit: “*Mwen Pat Dezobeyi Vizyon Selès La.*” Epi men tout bagay sa yo rive, yo revele drèt devan je nou.

⁴²³ Ou se Bondye, e pa gen lòt ke Ou. Resevwa nou, Seyè. Padonnen nou peche nou yo. Mwen repanti pou tout enkredilite mwen, pou tout inikite mwen. Mwen siplye sou lotèl Bondye a.

⁴²⁴ Pandan mwen vini aswè a, avèk ti legliz sa devan m, pa lafwa n ap deplase soti nan bilding sa, nan yon anlèvman, “pandan nou chita ansanm nan plas Selès yo,” toutotou Twòn Bondye a. Kè nou te cho anpil fwa, nan bagay nou te wè W ap fè yo, epi devwale mistè W yo ban nou. Men, Seyè, aswè a, mwen tou bouke. Malè pou mwen!

⁴²⁵ E—e Jakòb, lè l te wè Zanj sa yo ki t ap desann sou nechèl la epi retounen, li te di: “Sa se yon kote ki terib, se pa lòt bagay ke kay Bondye a.” E se la Betèl te tabli.

⁴²⁶ Bondye, moun yo pa konprann sa. Yo panse sa t ap tèlman gen lajwa. Men, Seyè, ala yon bagay fatigan, ala yon bagay tèrib pou yon èt imen antre nan Prezans yon gran Èt pwisan Syèl la.

⁴²⁷ Mwen priye mande padon pou ti legliz mwen an isi a, ke Ou te voye m desann pou—pou—pou—pou kondwi epi gide. Beni yo, Seyè. Mwen te fè selon sa vizyon yo ak sonj yo ak bagay yo te di, alò, dapre pi bon konesans mwen. Mwen mete an rezèv tout Manje ke m konnen m kapab, pou yo, Seyè. Kèlkeswa sa l ye a, Seyè, se pou Ou nou ye. Nou remèt tèt nou nan men Ou, Seyè. Gen mizerikòd pou nou. Padonnen nou. E kite nou se temwen Ou toutotan nou sou tè a. Alò, lè lavi a va fini, resevwa nou nan Wayòm Ou. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

⁴²⁸ Chak nan nou, pirifye tout kè nou. Mete tout bagay sou kote, tout pwa, kenbe sa lwen chimen nou. Pa kite anyen deranje nou. Pa pè. Pa gen anyen pou n pè. Si Jezi ap vini, se yon trè. . . Se pou moman sa a ke lemond antye t ap jemi an epi t ap kriye a. Si se yon bagay k ap parèt kounye a, pou yon—yon nouvo vini, yon nouvo vini ak yon nouvo don oswa yon bagay konsa, sa pral mèveye. Si se tan an ki vini pou revelasyon Sèt Tonè yo va revele bay Legliz la, kijan pou pwosede, m pa konnen. Mwen jis deklare sa m te wè a. O la la, ala yon tan! Se yon tan refleksyon serye epi solanèl.

⁴²⁹ E si se t ap tan pou m ale, mwen se pa Ou. . . Seyè, se pou Ou mwen ye. Lè W fini, vini, Seyè Jezi.

⁴³⁰ Kèlkeswa kote l ta ye, oswa ki lè li ka ye, se pou Li mwen ye. Mwen pa di mwen vle pati; mwen pa vle sa. Mwen gen yon

fanmi pou elve. Mwen gen Levanjil la pou m preche. Men, se selon volonte L, pa pa m. Sa se volonte L. Mwen pa konnen.

431 M jis ap deklare nou kisa l ye. Sa l ye a, Bondye ap fè l rive. Men mwen di nou sa m te wè ak sa k te rive. Kisa sa te vle di, mwen pa konnen. Men, mesye, èske sa te ka fen an? Hm!

432 Moun yo prezan kounye a, sis moun ki te fè sonj sa yo. Èske sa pa etranj pa t gen sèt? Èske sa pa etranj anpil? Sis sa yo te mennen drèt la, epi vizyon sa a, imedyatman. Moun yo isi a. Frè Jackson, isi a, se te youn; Frè Parnell te yon lòt; Sè Collins te yon lòt; Sè Steffy te yon lòt; Frè Roberson te yon lòt; e Frè Beeler te yon lòt. E Papa nou ki nan Syèl la konnen pa t gen yon sèl an plis ki gen rapò ak sa. Epi nan fen sa, setyèm lan . . . ki te pa Sè Steffy a, imedyatman vizyon an te parèt. Ou wè? Nou wè poukisa m ap pati? Nou wè poukisa mwen dwe ale? Mwen dwe fè l.

433 Epi, zanmi m yo, pa gade a mwen menm. Mwen se frè nou. Pa fè okenn atansyon a mwen, paske mwen jis yon mòtèl. Mwen dwe mouri tankou tout lòt moun. Piga nou koute m; men koute sa m di a. Sa m te di a se Mesaj la. Pa pote okenn atansyon a mesaje a; gade Mesaj la. Kenbe je nou fikse, non pa sou mesaje a, men sou Mesaj la. Sa Li di a, se bagay pou gade a.

434 E Bondye ede nou, se priyè mwen. Mwen rayi . . . Mwen pa t vle vin, di nou sa, men mwen pa t ap kache nou anyen.

435 Kounye a, otan ke m konnen, kite m di nou. Otan ke m konnen, mwen pral pati nan de ou twa jou k ap vini yo, mèkredi maten, pou . . . pou Tucson. Mwen pa pral Tucson pou preche. Mwen pa pral la pou preche. Mwen pral Tucson, pou enstale fanmi m lekòl, epi vin yon eran.

436 Mwen pral Phoenix, pou m fè ti seri reyinyon sa yo, sa ki pral pwobableman jis ti Mesaj. E—e apre sa, petèt, mwen pa . . .

437 Mwen panse yo vle m preche nan konvansyon an yon jou swa. Yo pa t janm di anyen sou sa, yo jis te di m t ap la. Ou wè, sa pa ban m yon bon enpresyon.

438 E mwen gen yon pawòl, ENSI DI SEYÈ A, pou Frè Shakarian, tou. En-en. M pa konn kisa l pral fè konsènan sa, men m gen pawòl la pou m di l. M pa konn kisa l pral fè. Sa depann de li. Èske nou te remake dènye *Vwa* a? Li pa sipoze yon òganizasyon, men yo te deklare kredo yo. Si se yon òganizasyon, alò mwen pral lage sa. Mwen andeyò bagay konsa.

439 Kounye a, sipozeman, Frè Arganbright ak Frè Role, yon diplomat Washington anba sèt Prezidan, te dwe an Afrik. Epi Frè Role, avè m, ak Frè Arganbright, pral an Afrik touswit, pou kèk reyinyon laba a an Afrik di Sid ak Tanganyika, ak Frè Boze. Epi n ap kontinye, e petèt jouk nan Ostrali, epi n ap retounen nan direksyon sa a, si Seyè a pa decide otreman. Men, anvan m ale, m ap tounen isi a.

440 Apre sa, lè m retounen sot la, si Bondye pa pale avè m, yon lòt fason, mwen pral pran fanmi an epi deplase al vè Anchorage, Alaska. Sa a se sidwès; sa pral nòdwès. Epi kite yo rete la pandan ete a, lè li fè tèlman cho laba a nan Tucson jouk sa pral boule po w. Mwen pa panse yo ta ka sipòte l. Yo t ap tèlman sonje lakay epi dekouraje! Nou p ap vann plas la. L ap rete drèt la, ak mèb yo nan kay la. M pa konn kisa pou m fè.

441 Apre sa, lè tan ete a fini, si Seyè a vle, mwen vle kite Alaska, epi desann vè Denver, nan santwès; sidwès, nòdwès, santwès, antan m ap rele: “O Seyè, kisa W ta vle m fè?”

442 Pandansetan, chak Mesaj, dapre sa m konnen, ki dwe preche, pral isi a menm, nan tabènak sa a. Se isi a bann yo pral ye. Se isi a katye jeneral la ye.

443 E mwen pa gen entansyon rete, ak fanmi m, nan Lwès la. M pral chache jouk mwen jwenn sa Bondye vle m fè.

444 Si sa pa regle ane sa, alò, ane pwochèn, san dlo ni manje, mwen prale nan dezè a, e m ap tann jouk Li rele m. Mwen pa ka kontinye konsa. Ou dwe vin dezespere. Ou dwe rive nan yon pwen kote ou vle konnen kisa volonte Bondye ye. E ki jan ou ka fè volonte a si ou pa konnen volonte a?

445 M ap tatonnen, poutèt kontèks vizyon sa a, “Sa w te fè a.” Ou wè? M pral toupatou antan ke misyonè ak evanjelis, jouk apèl sa vini. Nou sonje premye a, lè nou te poze pyè angilè sa a? “Fè travay yon evanjelis,” Li te di. Li pat di: “Ou te yon evanjelis.” Men, “Fè travay youn,” petèt jiskaske tan an rive pou yon lòt bagay, yon lòt chanjman travay. Li ta ka yon bagay diferan. Mwen pa konnen.

446 Èske nou renmen L? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Se pou nou vrèman sèten de sa. Se pou nou vrèman sèten de sa, sila yo ki renmen Seyè a.

Sila yo ki ret tann Seyè a, va renouvle fòs yo,
Yo va monte ak zèl tankou yon èg,
Yo pral kouri epi yo p ap fatige, mache epi yo p
ap febli;
O, anseye m, Seyè, anseye m, Seyè, pou ret tann.

Mwen renmen L. Mwen konnen nou renmen L, tou. Kounye a, demen swa . . .

447 Mwen panse mwen te rann li ase klè. Èske se sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Klè menm jan mwen konnen kijan pou m fè l, se tout sa mwen konnen. Se tout sa m ka di. E si li revele ban mwen, pou yon bagay, m ap di nou byen vit. Mwen konnen nou enterese, pou n konnen. Mwen enterese, pou m konnen. M pa konn sa l te vle di. Mwen pa konnen ki kote—ki kote m prale. Mwen—mwen pa konnen kisa k pral rive. Mwen—mwen jis . . . Sèl bagay mwen konnen, mwen jis prale, pa gras Bondye. Alò, Li va di m lè m rive la a, petèt. Men, sa m dwe fè kounye a, se

pati. E mwen petèt pa la pandan de semèn, anvan mwen twouve m yon lòt kote, epi petèt m ap retounen isit la. Se vre. Mwen pa konnen. Men mwen . . .

⁴⁴⁸ Nan vizyon sa a, te gen madanm mwen ak pitit mwen yo. Epi sa l te ye a menm, se ke mwen te nan yon kabwèt kouvri. Epi nan menm minit ke mwen te antre la, te gen, mwen te nan machin station wagon mwen an. E se fason sa a n ap pati, nan kèk jou, san nou pa konnen kote nou prale, nou pa konnen kisa nou pral fè lè nou rive la, nou jis prale.

⁴⁴⁹ Bondye etranj, pou nou, paske chimen L yo depase konprann nou. Li vle obeyisans.

“Ki kote w prale?”

“Sa pa zafè w pyès. Jis kontinye mache.”

“Kisa Ou vle m fè, Seyè?”

⁴⁵⁰ “Sa pa gade ou. Ou menm, swiv Mwen.” En-en. En-en. “Jis kontinye mache.”

“Ki kote m pral rete?”

“Nan kisa sa gade w? Jis kontinye mache.”

Kifè, m ap pati, nan Non Jezikri. En-en. Amèn.

Mwen renmen L, mwen renmen L

Paske Li te renmen m an premye

E L te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

Mwen . . . (Li se lavi m.) Mwen . . . (Se pou tout sa m te viv!)

Paske Li te renmen m an premye

E li te achte sali mwen

Sou pyebwa Kalvè a.

⁴⁵¹ Mesye, èske se tan an sa? [Frè Branham ap fredone *Mwen Renmen L*—Editè a.] E pandan n ap chante l ankò, bay lanmen ak yon moun bò kote nou. Di: “Frè, sè, priye pou mwen. M ap priye pou ou.”

Mwen . . .

⁴⁵² Priye pou mwen, Frè Neville. [Frè Neville di: “M ap fè sa, frè. Priye pou mwen, frè. Mèsi.”] Vrèman sensè! [Yon moun di: “Bondye beni w, Frè Branham.”] Priye pou mwen, frè. Priye pou mwen, sè. Priye pou mwen.

. . . mwen

E L te achte . . .


⁴⁵³ Priye, priye pou mwen, . . . ? . . . Priye pou mwen, . . . ? . . . Priye pou mwen, . . . ? . . . Priye pou mwen.

. . . pyebwa Kalvè a.

Paske mwen . . .

Ann leve men nou kounye a ba Li.

. . . Mwen renmen . . . (Vrè lanmou!)
Paske Li te renmen m an premye
E L te achte sali mwen
Sou pyebwa Kalvè a.
Wi, mwen . . . (Ak tout kè m!)

⁴⁵⁴ Kontinye, Frè Neville. M ap pati. Anonse lè a pou reyinyon
an. 

62-1230E Èske Se Siy Fen An Sa, Mesye?
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papey kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org